ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№79 (24.829) ● 2025 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 1, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

Уасэншэщ мамырыгъэр, зэкъуэтыныгъэр, зэгурыIуэныгъэр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ щIэуэ хаха ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ советым и зэхуэс. Абы хагъэхьахэм ятеухуа унафэм ипэ махуэм Iэтридзащ республикэм и Iэтащхьэм.

ЩIАЛЭГЪУАЛЭМ я махуэм ипэ къихуэу къызэрагъэпэща зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Къуэшырокъуэ Залым**, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Лу Аззэмэт**, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Езауэ Анзор**, Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо жылагъуэ-къэрал зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Шыпш Аслъэн**, щIалэгъуалэ жылагъуэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэмрэ я лIыкIуэхэмрэ.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым **КIуэкIуэ Казбек** жиIащ:

- Мы чэнджэщакIуэ советыр зэрыщхьэпэр нэрылъагъу хъуауэ къызолъытэ. Абы нэхъапэм хэтахэм дэщIыгъуу дэ зэIущIэ зыбжанэ едгъэкIуэкIащ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIалэгъуалэ политикэм зыщегъэужьыным хуэунэтIа унафэхэри къыщытщтауэ, пщэрылъхэри ящытщIауэ щытащ. ИкIи нобэ дэ жытIэфынущ ахэр къанэ щымыIэу гъэзэщIа зэрыхъуар. Хабзэм тету, илъэсищ дэкIри, советыр къэдгъэщIэрэщIэжащ. Советым и иджырей гупым зэрыщытуи, дэтхэнэ зыми си гум къыбгъэдэкIыу сынывэхъуэхъуну сыхуейщ ехъулIэныгъэ фиIэну, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, къэралым я щIалэгъуалэм зауужьыным ехъулIэныгъэхэр къыщыфхьыну.

Iэтащхьэм къыхигъэщащ къэралым щIалэгъуалэ политикэр щыпхыгъэкIын IэнатIэм иужьрей илъэс зыбжанэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къызэрыщыхъуар:

- Ди къэралым и Президентым щIалэгъуалэр дэIыгъыным, абыхэм зауужьыным хуэгъэзауэ ищIа унафэхэм я фIыгъэкIэ, къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэри жыджэру къыддэIэпыкъуу, дэ тхуэзэфIэкIащ гъэсэныгъэм IэнатIэм адэкIи зегъэужьыным, щIалэгъуалэм дадэлэжьэным лъабжьэ яхуэдгъэтIылъын: кадрхэр дгъэхьэзыращ, лэжьыгъэм и купщIэр зыхуэдэнур, ар къыщызэдгъэпэщыну щIыпIэхэр, унэтIыныгъэхэр дубзыхуащ. А лэжьыгъэм хуэгъэпса къэрал программэм иужьрей илъэс зытIум ахъшэу хухахыр хэпщIыкIыу нэхъыбэ хъуащ, абы къэрал, щIыналъэ бюджетхэм я мылъку къыхуаутIыпщри. Къапщтэмэ, дызэрыт илъэсым ахъшэу сом мелуан 280-рэ хухахащ, абыхэм ящыщу сом мелуани 128-р къэрал бюджетым къыхэкIыу.

Республикэм и Iэтащхьэм нэхъ пасэу пщэрылъ зэращищIам ипкъ иткIэ, муниципалитетхэм къыщызэрагъэпэщауэ щытащ а IэнатIэм епха къудамэхэр, къуажэхэм яIэ хъуащ щIалэгъуалэм ядэлэжьэнымкIэ IэщIагъэлIхэр. Гъэсэныгъэ IэнатIэм щылажьэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным, апхуэдэхэм я Iэзагъым хэгъэхъуэным хуэгъэза программэ зэмылIэужьыгъуэхэр щагъэзащIэ республикэм. ЩIалэгъуалэ политикэм пыщIа инфраструктурэ къызэгъэпэщыным жыджэру йолэжь 2023 гъэм къыщыщIэдзауэ. ЩIалэгъуалэ политикэм щыубзыхуахэр гъэзэщIэным теухуа «Зи щIалэгъуэхэм я щIыналъэ» программэ хыхьэу щIалэгъуалэ центрхэр щIыным хуэгъэза лэжьыгъэ йокIуэкI. Программэр Урысей Федерацэм и Президентым къалэн зэрыщищIам тету егъэзащIэ ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэм.

- Мы зэманым къызэIуахакIэщ щIалэгъуалэ центру блы. Дызэрыт илъэсым иджыри зы къыщызэIуахынущ ХьэтIохъущыкъуей къуажэм, абы нэмыщI зэпымыууэ лэжьэну «Iуащхьэмахуэ» щIалэгъуалэ лагерыр. 2026 гъэм центрхэр къыщызэIутхыну ди мурадщ Прохладнэ къалэм, Дзэлыкъуэ щIыналъэм. Абыи шэч хэлъыжкъым, сыту жыпIэмэ, дыгъуасэ хэIущIыIу ящIащ «Зи щIалэгъуэхэм я щIыналъэ» президент программэм къырикIуахэр. Абы щытекIуахэм ди республикэри яхэтщ, - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм. - «ЩытекIуахэм яхэтщ», жытIэ щхьэкIэ, щытекIуахэм яхэт къудейкъым! Мылъкуу хухахыр къабгъэлъагъуэмэ, дэ бжьыпэр зыIыгъхэм дащыщщ, иджыри зэ къыхэзгъэщынщи - псори зэхэту. Абы дэ Iэмал къыдитынущ дубзыхуа мурад псори зэдгъэхъулIэну. Ар мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ!

КIуэкIуэ Казбек, КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъэзам хуэдэуи, аргуэру къыхигъэщащ:

- Ди щIалэгъуалэр дэ дымыгъэасэмэ, абыхэм щIэныгъэфI едмытмэ, ар ди пIэкIэ нэгъуэщIхэм ящIэнущ икIи дэ Iуэху мыхъумыщIэхэм дыхэхуэнущ. Сэ щапхъэу къэсхьыфынущ Украинэм къыщыхъухэр. Илъэсийм къриубыдэу, а пIалъэ кIэщI дыдэм, абыхэм я цIыхубэр зэтрахуфащ, я гупсысэкIэр яхъуэжыфащ. Нэхъыщхьэ дыдэращи, я мурадхэр зрагъэхъулIэн папщIэ абыхэм нэхъыбэу къагъэсэбэпар щIалэгъуалэрщ. Залым Къэрэшей и къуэми ещIэж дэ Херсон областым щытлъэгъуа тхылъхэм, сабийхэм тхыдэр зэрырагъэджхэм, итахэр. Аращи, дяпэкIи гулъытэ хэха хуэтщIынущ ди сабийхэр гъэсэным, ахэр егъэджэным. Шэч хэмылъу, щыIащ иджыри щыIэщ дэдгъэкIын хуей гугъуехьхэр, абы хуэгъэза лэжьыгъэри нэхъри щIэдгъэхуэбжьэнущ. Иужьрей илъэсым программэ куэд дгъэзэщIащ, щIэхэри къыхэтлъхьащи, ахэри тэмэму зэфIэдгъэкIын хуейщ. Ди къалэн нэхъыщхьэхэр - ар цIыху нэс гъэсэнырщ, щIэблэр хэкупсэу къэгъэтэджынырщ, щIалэгъуалэм лъэныкъуэ куэдкIэ IэнатIэ псоми зыщауужьын папщIэ зыхуеинухэмкIэ къызэгъэпэщынырщ, щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм зыщыхуэдгъэувыжа къалэнхэр гъэзэщIэным IэщIагъэлI щIалэхэр къыхэшэнырщ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

ЩIэблэм щапхъэ яхурехъу

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыхъужьхэр» программэм хагъэхьахэр къызэрыхаха щIыкIэмрэ абы и лэжьэкIэ хъунумрэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым щытепсэлъыхьыжащ.

«НОБЭ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху зэфIэдгъэкIащ – «Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыхъужьхэр» программэм хэтынухэр Жылагъуэ советым и зэIущIэм IэIэткIэ къыщыхэтхащ, - етх КIуэкIуэ Казбек. - Очнэу еджэнухэм ветеран 31-рэ хагъэхьащ, иджыри ди зауэлI 23-м унэм къэкIуэжа нэужь, еджэным пащэнущ. Сыхьэт 500-м и кIуэцIкIэ ахэр хурагъэджэнущ унафэ зехьэкIэм, цIыхухэм зэрадекIуэкIынум, унафэщIхэм зэрабгъэдэтынум, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэм. ИужькIэ къэрал къулыкъущIапIэхэм е муниципальнэ IуэхущIапIэхэм ягъэувынущ, е я IэщIагъэм хуэкIуэ IэнатIэ къыхуагъуэтынущ.

Программэм хеубыдэ илъэс 23 - 56-рэ зи ныбжьхэр. Абыхэм ящыщу цIыху 48-м щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэщ, адрейхэм - курыт щIэныгъэ. Я нэхъыбэм УФ-м и Президентым и унафэкIэ къэрал саугъэт лъапIэхэр къыхуагъэфэщауэ апхуэдэщ: «Хэкум и пащхьэм щаIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и медалым и етIуанэ нагъыщэу маисэхэр зыщIыгъур, «Георгий щихъым и орденыр» - Георгий и жорым и еханэ нагъыщэр, ЛIыгъэм и орденыр, Жуковым, Суворовым, Крымский Лука сымэ я медалхэр, «И хахуагъэм папщIэ», «ЛIыгъэ зэрызэрихьам папщIэ» медалым и етIуанэ нагъыщэр, «ХэкIуадэхэр къызэрырагъэлам папщIэ» медалыр.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ дэтхэнэ зы лIыхъужьри хэкулIу зэрыщытыр, дяпэкIи ди Хэкум хуэлэжьэну зэрыхьэзырыр. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыхъужьхэр» программэм а мурадхэр игъэзэщIэнущ. Фигу къызогъэкIыжри, ар ди Президент Путин Владимир иутIыпща «Урысейм и зэман» къэрал программэм и щIыналъэ лIэужьыгъуэу аращ».

Программэр КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм, «Эльбрус» корпоратив университетым, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым, «Урысейр Iэмал псори къозыт къэралщ» зэгухьэныгъэм, УФ-м и Президентым къедзауэ лажьэ, ЦIыхубэ хозяйствэмрэ къэрал IэнатIэхэмкIэ академием, ЭкономикэмкIэ школ нэхъыщхьэм къызэрагъэпэща Iуэхущ.

КIуэкIуэ Казбек щхьэхуэу къыхигъэщащ программэм хагъэхьэнухэр къыщагъэлъэгъуа Iыхьэм хэта псоми зыхуэныкъуэмкIэ зэрызыщIагъэкъуэнур, я щIэныгъэм хагъэхъуэну хуейуэ щытми, ядэIэпыкъунущ.

«Ди лIыхъужьхэм псоми ехъулIэныгъэ яIэну сохъуэхъу. ТлъэкI къэдгъэнэнукъым дэтхэнэ зыми и зэфIэкIыр республикэм, къэралым ирихьэлIэну Iэмал игъуэтын папщIэ, къыдэкIуэтей щIэблэм Хэкур фIыуэ лъагъун, хахуэу ущытын зэрыхуеймкIэ щапхъэ яхуэхъун хуэдэу», - иритхащ и напэкIуэцIым КIуэкIуэ Казбек.

Балигъ гъащIэ къапоплъэ

Налшык къалэ дэт курыт школ №5-м мэкъуауэгъуэм и 28-м аттестатхэр щратыжащ еджакIуэхэм.

А МАХУЭ лъапIэр ныбжьыщIэхэм даIыгъыну школым къекIуэлIащ адэ-анэхэмрэ хьэщIэ лъапIэхэмрэ: КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдз Хъубий Марат, Налшык къалэ администрацэм и лIыкIуэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр.

Курыт школыр къызэраухам папщIэ ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ Егоровэ Татьянэ:

- Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу фи гъащIэм щынэхъыщхьэ зы махуэмкIэ – еджапIэр къызэрывухамкIэ. Япэ уэзджынэм къыщыщIэдзауэ балигъ фызэрыхъуам щыхьэт техъуэ аттестатыр къыфIэрыхьэжыху гъащIэм щыщ пIалъэ гъэщIэгъуэн фыкърикIуащ. Абы къегъэлъагъуэ гъащIэм и зы Iыхьэ дахэ къызэрызэвнэкIар. Мы илъэсхэм щIэныгъэм фыхэзышэ лъагъуэхэм фыкърикIуащ, гурыщIэ куэд зыхэфщIащ, ныбжьэгъухэр зэвгъэгъуэтащ. Сэ зы шэч къытесхьэркъым фи егъэджакIуэхэм яхуэфщI фIыщIэр иджыри куэдрэ фигу зэрилъынум, фи классэгъухэр, ныбжьэгъухэр, мыбы щIэуэ къыщыфщIахэр, фиIа ехъулIэныгъэхэр зэрыфщымыгъупщэнум. Фэ балигъ гъащIэ гъуэгу кIыхь къыфпэщылъщ, дяпэкIэ фи щхьэ и унафэ фщIыжын хуейщ.

Iуэхугъуэ куэдым фыхэдэну къыфхуихуэнущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, къэралым Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр къывет лъэ быдэкIэ гъащIэм фыхэувэфын щхьэкIэ. Дэтхэнэри езым и гъуэгум теувэжынущ. Фымышынэу къалэн гугъухэр, мыхьэнэ зиIэхэр зыхуэвгъэзэувыж. ЦIыху Iущ гуэрым зэрыжиIауэ, зыгуэр пхузэфIэмыкIыну шэч къызэрытепхьэу, зэфIэхыгъуей мэхъу. ЕхъулIэныгъэм и хэкIыпIэ убзыхуа щыIэкъым. Фэ абы фызэрыхуэкIуэну гъуэгур тыншу щымытынкIи мэхъу, ауэ Iэмал куэд щыIэщ а узыщIэхъуэпсыр зыIэрыбгъэхьэфынымкIэ. Абыхэм ящыщщ лэжьыгъэр фIыуэ лъагъуныр, зыхуэбгъэувыжа мурадым ерыщу ухуэкIуэныр, цIыхухэм я пащхьэ жэуаплыныгъэ щыпхьыныр, уи Хэкур фIыуэ плъагъуныр. Фэ фыщIалэщ, фыкъарууфIэщ, фыакъылыфIэщ, фыдахэщ. Фытегушхуэ! Фэращ зэлъытар фызыщIэхъуэпс псори къывдэхъуныр!

Нобэ фэ къывоух республикэм и егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм я нэхъыжь дыдэхэм ящыщ зыр. Сэ мы школыр къызэрызухам срогушхуэ. Фэри апхуэдэу фигу хэхъуэу фи еджапIэр фигу къызэрывгъэкIыжынур си фIэщ мэхъу.

ФIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ фи егъэджакIуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ. Абыхэм я дежкIи махуэшхуэщ нобэ. ЕгъэджакIуэхэм лъэныкъуэ куэд къызэщIэзыубыдэ щIэныгъэ къывбгъэдалъхьащ, фи адэ-анэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ сыт щыгъуи зыкъыфщIагъэкъуащ.

НыбжьыщIэхэ! Сытри зэрыфхуэзэфIэкIынур фщIэжу дунейм фытет! КъэкIуэнум тегушхуауэ фыхуэкIуэ! Узыншагъэ быдэ, насып куу Тхьэм къывит! Гъуэгу махуэ!

Курыт школ №5-р къэзыуххэм ехъуэхъуащ еджапIэм и унафэщI Емуз Светланэ:

- Пщэдей балигъ гъащIэм фыхобакъуэ. А лъэбакъуэр быдэу къыщIэкIыну, лъэ быдэкIэ дунейм фытетыну сынывохъуэхъу. ЦIыхум нэхъыщхьэ дыдэу хэлъын хуей щэнхэр - цIыхугъэр, гуапагъэр, лъагъуныгъэр, зыр адрейм дэIэпыкъуныр - сытым дежи фхэлъу фыкъэгъуэгурыкIуэ. Псори насыпыфIэ фыхъуну сыхуейщ! Дэтхэнэри фызыщIэхъуэпсыр Тхьэм къывигъэхъулIэ!

А пщыхьэщхьэм гулъытэ хэха хуащIащ нэхъыфIу еджахэм. КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ абыхэм яритыжащ аттестатхэмрэ «За особые успехи в учении» медалымрэ.

Пшыхьыр езы ныбжьыщIэхэм ягъэзащIэ къафэхэмрэ уэрэдхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ, абыхэм фIыщIэ мыухыж хуащIащ егъэджакIуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ.

Шынагъуэншагъэр къызэгъэпэща хъун папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хабзэр къызэгъэпэщынымкIэ зэпымыууэ лажьэ и зэзыгъэуIу гупым и зэIущIэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ.

АБЫ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м и Правительствэм щыщхэр, министрхэр, щIыналъэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, хабзэхъумэ, кIэлъыплъакIуэ, къарузехьэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр.

Зэхуэсым зыщытепсэлъыхьахэм ящыщщ къэрал властым и IэнатIэ псори жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм нэхъри быдэу япыщIауэ ядэлэжьэныр, лъэпкъ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэща хъун, хабзэм ебэкъуауэ щытахэм къытрагъэзэжу щIэпхъаджагъэ ямылэжьын папщIэ. Щхьэхуэу хэплъащ «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ», «ЩIыуэпс зэIузэпэщыгъэ» лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащIэм.

ЗэIущIэм къыщащтащ хабзэр къызэгъэпэщынымкIэ IуэхущIапIэхэр зэрызэдэлэжьэнум ехьэлIа унафэ пыухыкIахэр.

Гъуэгу махуэ фытехьэну!

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек мы гъэм курыт школыр къэзыуххэм гуапэу ехъуэхъуащ:

- НЫБЖЬЫЩIЭ лъапIэхэ! Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу курыт школыр къызэрывухамкIэ. Фи дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ лъэхъэнэщ иджыпсту фызэрытыр. АдэкIэ фэ къыфпэщылъщ балигъыпIэ гъащIэм фыхэзышэ гъуэгуанэщIэ. Ауэ шэч къытесхьэркъым фэ фыщеджа школыр сытым дежи гуапэу фигу къызэрывгъэкIыжынум, щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным и лъагъуэшхуэм зи гъусэу фрикIуа егъэджакIуэхэмрэ унэтIакIуэхэмрэ фи гъащIэ псокIэ фIыщIэ зэрахуэфщIынум. Нобэрей гуфIэгъуэр къывдагуэш фи адэ-анэхэми. А илъэсхэм ахэр щIыбагъ быдэу фиIащ, щытыкIэ гугъу фыкъыщихутэм зыкъыфщIагъакъуэу, сыт хуэдэ Iуэхуми фызэрыпэлъэщынур фи фIэщ ящIыфу. Ар зэи зыщывмыгъэгъупщэ. Нобэрей гъащIэм фи зыужьыныгъэм хуэгъэпса Iэмал куэдыщэ щыщыIэщ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр фи псэр дэзыхьэх Iуэху къэвгъуэтынырщ, фи мурадхэм фалъэIэсу, фи зэфIэкIым зевгъэужьу, цIыхухэм сэбэп фахуэхъуу, республикэмрэ къэралымрэ фахуэфащэу фыпсэунырщ. Ерыщу фыхуэкIуэ фи хъуэпсапIэхэм, гугъуехьхэм фащымышынэ, итIанэ Iэмал имыIэу къывэхъулIэнущ зыхуэвгъэувыжа мурадхэр. Узыншагъэ быдэ, зэпэщыгъэ, ехъулIэныгъэ, фIэщхъуныгъэ фиIэну! Фи махуэшхуэмкIэ сынывохъуэхъу икIи гъуэгу махуэ фытехьэну, ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Ди къэкIуэнур зэлъытахэр

ЩIалэгъуалэм я унэм (Налшык къалэ дэтым) мэкъуауэгъуэм и 28-м Iэтауэ щагъэлъэпIащ ЩIалэгъуалэм я махуэр. Концертыр ирагъэкIуэкIащ Громов Денисрэ Благодарная Каринэрэ.

КОНЦЕРТЫР Урысейм и ГимнымкIэ къызэIуаха нэужь, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым къеджащ республикэм и Iэтащхьэм щIалэгъуалэм зэрызахуигъазэ тхыгъэм. Абы итт:

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэр ди къэкIуэнур зэлъытахэрщ. Хэкур егъэфIэкIуэным фи щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ зэрефхьэлIэр щхьэпэщ Урысейр нэхъ къарууфIэ хъуным. Быдэу си фIэщ мэхъу республикэм зезыгъэужьыну жэрдэмыщIэхэр къызэрыхэфлъхьэнумрэ ахэр зэрывгъэзэщIэнумрэ.

КъБР-м ЩIалэгъуалэм и IуэхухэмкIэ и министерствэм и жэрдэмкIэ, япэу къапщытащ щIыналъэм и районхэм щIалэгъуалэм яхуэгъэзауэ щащIэм къыпэкIуэр. АбыкIэ пажэ хъуахэм хуагъэфэща дамыгъэхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ иратыжащ къуажэ, район унафэщIхэм. Япэ увыпIэр Тэрч щIыналъэм, етIуанэр - Май, ещанэр - Шэджэм районхэм къахьащ. КъинэмыщIауэ, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, щIалэгъуалэ Iуэхухэм къыхэжаныкIахэр, «Зарница 2.0» дзэ-патриот джэгукIэм щытекIуахэр ягъэлъэпIащ. Апхуэдэу, дзэ Iуэху хэхам хэт зауэлI 14-м фIыщIэ, щIыхь тхылъхэр иратащ, хэкупсэ гъэсэныгъэм хуащI хэлъхьэныгъэр къалъытэри. ЯгъэлъэпIахэм зэгъусэу сурэтхэр зытрагъэхащ.

Дзэ Iуэху хэхам щыIэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрадэIэпыкъум яхуэзэфIэкI халъхьэ щIалэгъуалэм. Абыхэм мазэкIэ ирагъэкIуэкIа псапэ Iуэхухэм республикэм исхэр жыджэру хэтащ: цIыху щхьэхуэхэм, IуэхущIапIэхэм ахъшэ зэхадзащ, яшхын, щатIэгъэн зэхуахьэсри, ди щIалэхэм хурагъэшащ. Концертыр щекIуэкI пэшым ашыч щагъэуври, мы Iуэхум щыпащащ. Зэхуахьэса ахъшэр дзэ Iуэху хэхам щыIэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ трагъэкIуэдэнущ.

КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм фIыщIэ яхуищIащ цIыхухэм я лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэр зэрахъумэм папщIэ. Абы жиIащ, «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ Iуэхур къагъэсэбэпу, хабзэхэр хъумэным, нэхъыжьхэм гулъытэ яхуэщIыным, унагъуэхэр гъэбыдэным, республикэм зегъэужьыным теухуа Iуэху щхьэпэхэр зэрахузэфIэхынур.

ЩIалэгъуалэм хъуэхъу гуапэкIэ зыхуагъэзащ Къэрал Думэм и депутат Родинэ Викторие, ЦIыхум и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ КъБР-м и уполномоченнэ Зумакулов Борис, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и УнафэщI Берд Хьэзрэталий, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и Жылагъуэ советымрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ я Тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, нэгъуэщIхэми.

Пшыхьыр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ нэхъыфIхэм. Апэнэс Астемыр концертыр зэхуищIыжащ щIалэгъуалэм я гимнымкIэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.



Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Уасэншэщ мамырыгъэр, зэкъуэтыныгъэр, зэгурыIуэныгъэр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Лу Азэмэт Советым къыщыщыпсалъэм къытеувыIащ къэрал щIалэгъуалэ политикэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэзэщIэным теухуауэ 2024 - 2025 гъэхэм зэфIагъэкIахэм, адэкIи зэужьынымкIэ тегъэщIапIэ щIыпхъэхэм. Абы къыхигъэщащ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм унэтIыныгъэ куэд къызэрызэщIиубыдэр, щIыпIэ мыхьэнэ зиIэхэм къыщыщIэдзауэ къэралым гулъытэ щызыгъуэтхэри зэрахэтыр. А лэжьыгъэхэр яхуэгъэзащ къалэдэс щIалэгъуалэми къуажэхэм щыпсэухэми. Ди щIыналъэм исщ ныбжьыщIэ мин 271,5-рэ, ахэр республикэм цIыхуу щыпсэум я Iыхьэ щанэ мэхъу. ИлъэситIрэ ныкъуэм къриубыдэу министерствэм щIалэгъуалэ политикэм къызэщIиубыдэ Iуэху 200-м щIигъу игъэзэщIащ, ныбжьыщIэ мин 250-м щIигъу хэту. «Урысейм и ныбжьыщIэхэр» проектым ипкъ иткIэ ныбжьыщIэхэм папщIэ центритI къызэIуахащ. Апхуэдэуи, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэр щIыгъуу, къэрал программэм хыхьэу, студентхэм папщIэ «СтудМесто» зэхуэсыпIэхэр къызэIуахащ, колледжищым щIэсхэм ятещIыхьауэ. Дызэрыт илъэсым апхуэдэхэр къыщызэрагъэпэщынущ колледжитIым. «IуэхуфIхэм я щIыналъэ» проектым хыхьэу республикэм къыщызэIуахащ Добро.Центр зыфIащахэм хуэдэу хы. Дызэрыт илъэсым къыщегъэжьауэ министерствэм егъэзащIэ «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектыр. Абы хохьэ къэрал проектипщI. Министрыр апхуэдэу къытеувыIащ щIалэгъуалэм ядэлажьэ IэщIагъэлIхэм я улахуэм хэгъэхъуэным, «Эльбрус» корпоративнэ университетым и программэхэмкIэ ахэр адэкIи егъэджэным теухуа къалэнхэм.

Прохладнэ къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и унафэщI Кожухов Кирилл тепсэлъыхьащ къызэрагъэпэщыну щIалэгъуалэ центрым и проектым, щIалэгъуалэм зэрадэлажьэм. Дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Мэзло Заурбэч и гугъу ищIащ СВО-м хэтхэм защIэгъэкъуэным хуэгъэзауэ зэфIагъэкIхэм, ахэр щIалэгъуалэ проектхэр гъэзэщIэным къыхэшэным зэрекIуэкIым. «Галактика» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм игъэзащIэ проектхэм я унафэщI Шыбзыхъуэ Залым зэпкърихащ ныбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ ядэлэжьэным психологие и лъэныкъуэкIэ хэлъ щхьэхуэныгъэхэр, щIэблэр гъуэгу тэмэмыр тезышхэм къагъэсэбэп Iэмалхэр. Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и щIалэгъуалэ центрым и унафэщI Этезов Аслъэн къызэхуэсахэм яхутепсэлъыхьащ я лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкIэм. Советым хэтхэм чэнджэщхэр, я Iуэху еплъыкIэхэр къагъэлъэгъуащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм защIэгъэкъуэныр къызэгъэпэщыным, туризм, хьэрычэт IэнатIэхэм зегъэужьыным, щIалэгъуалэ центрхэм я лэжьыгъэ унэтIыкIэм, лъэпкъ хабзэхэр хъумэным - жылагъуэр зыгъэпIейтейхэм - ятеухуауэ. А псори я лэжьыгъэм къыщалъытэнущ.

КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм и кIэм жиIащ:

- Мы пэшым щIэс щIалэгъуалэми Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу ныбжьыщIэхэми ЩIалэгъуалэм я махуэм ипэ къихуэу сехъуэхъуну сыхуейщ. Сызэрыфхуэхъуапсэри зыщ: ди тхыдэр, фи адэ-анэхэм къыфхалъхьа лъапIэныгъэхэр фхъумэ. КъимыдэкIэ, дэркIэ, ди республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэщ зэкъуэтыныгъэр. Дин зэмылIэужьыгъуэхэр зезыхьэхэм я зэкъуэтыныгъэр, лъэпкъхэм яку дэлъ зэкъуэтыныгъэр. Дэ ипэкIэ докIуатэ, зыдоужь, ауэ а Iуэхухэм я мыхьэнэм зэи кIэрыхунукъым. Псори хъарзынэщ, псори фIы дыдэщ, ауэ иджыри зэ къыхэзгъэщынщи, тхьэм къыдита дэтхэнэ зы махуэми дыкъыщытэджкIэ, адэ-анэхэм фIыщIэ яхуэщIыпхъэщ икIи къыдгурыIуэн хуейщ: мамырыгъэр, зэкъуэтыныгъэр, зэгурыIуэныгъэр уасэншэщ. Ахэр щыIэмэ, адрей псори тхузэфIэкIынущ, гугъуехьхэм дапэлъэщынущ. Зыри зэи хуит пщIы хъунукъым ди жылагъуэр дин, лъэпкъ я лъэныкъуэкIэ зэкъуаудыну. ЕхъулIэныгъэ фиIэну, фи Iуэхухэр ефIэкIуэну! Иджыри зэ къытезгъэзэжынщи: сыт щыгъуи фIым сыщогугъ, IуэхуфIхэм, пэжым срателъхьэщ - захуагъэр зэрытекIуэнур си фIэщ мэхъу. Апхуэдэу ипэкIэ кIуэтэн хуейщ - зыужьыныгъэм хуэкIуэу. Сыт и лъэныкъуэкIи текIуэныгъэхэр диIэну, зэман гъунэгъум ТекIуэныгъэ нэхъыщхьэ дыдэри къэтхьыну! ФIыщIэ фхузощI!

КъыкIэлъыкIуэ махуэм ди къэралым и дэнэ щIыпIи щагъэлъэпIащ ЩIалэгъуалэм я махуэр. КъБР-м и Iэтащхьэм абы ирихьэлIэу республикэм и щIалэгъуалэм захуигъэзащ.

«Ныбжьэгъу лъапIэхэ! ЩIалэгъуалэм я махуэмкIэ сынывохъуэхъу! Гугъэ нэхухэмкIэ гъэнщIа мы махуэм зэкъуегъэувэ Урысейм и къэкIуэнур, абы дуней псом щиIыгъыну увыпIэр зэлъыта и щIэблэщIэр, - щыжеIэ КIуэкIуэ Казбек ныбжьыщIэхэм яхуэгъэза и псалъэм. - Дэ дрогушхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэблэ гъэсам, жыджэрым, зэчиифIэм. Еджэным, лэжьыгъэм, щIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ, творчествэмрэ спортымрэ къыщыфхь ехъулIэныгъэхэмкIэ фэ республикэм зиужьыным, ар лъагапIэщIэхэм нэсыным сэбэп фыхуохъу. Псом хуэмыдэу дропагэ ди щIалэ лIыхъужьхэм, дзэ Iуэху хэхам хэту къэралым и шынагъуэншагъэмрэ хуитыныгъэмрэ хъумэным хахуэу щIэзэухэм. ПщIэ хуэфащэщ ди зауэлIхэм, абыхэм я унагъуэхэм защIэгъэкъуэным хуэунэтIауэ фэ евгъэкIуэкI псапащIэ Iуэхухэми. Фи зэчийхэр, Iэзагъхэр къызыкъуэфхыныкIэ мы зэманым IэмалыфIхэр фиIэщ. Фэращ экономикэ, хьэрычэт, социальнэ IэнатIэхэм, къэрал унафэр зехьэным и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр зыубзыхунур, ди Хэкум и къэкIуэнур зыхуэдэнур зэлъыта унафэхэр къэзыщтэнур.

Фи плъапIэхэм фазэрылъэIэсыным тегушхуауэ яужь фит икIи ехъулIэныгъэхэр абы Iэмал имыIэу къыдэкIуэнущ. Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ фиIэну, фи мурадышхуэхэм фалъэIэсыну, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым, ди Урысеишхуэм яфI зыхэлъ IуэхуфIхэр къывэхъулIэну!»

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и еханэ зэхыхьэгъуэм и III зэхуэсышхуэу республикэм и Парламентым щекIуэкIам щытепсэлъыхьащ «Дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ ядэIэпыкъухэм къехъулIэхэмрэ зыIууэ лъэпощхьэпохэмрэ» зыфIащам.

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм зэрызыщIагъакъуэмкIэ щапхъэщ

ЗИ ГУГЪУ тщIы зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Берд Хьэзрэталий иригъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ республикэм и Жылагъуэ палатэм и къудамэхэу къалэхэмрэ районхэмрэ щыIэхэм я лIыкIуэхэри.

Япэу псалъэ лъагъэсащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Шэт Анатолэ.

- Дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ядэлэжьэну гупыж зыщIхэр къыдомэщIэкI. Абы и щхьэусыгъуэу дэ къэтлъытэр IэнатIэ мытынш Iуувахэм я бынунагъуэхэм ящыщхэр зэрытрагъэун, я гум жьы дезыгъэхуфын Iэмалхэм нэхъыбэм зэрыхамыщIыкIырщ. Апхуэдэу щыт пэтми, социальнэ Iуэхутхьэбзэхэм кIэ ди центрхэм я IэщIагъэлIхэр апхуэдэ унагъуэ къэс, зэрахузэфIэкIкIэ, щIэгъэкъуэн яхуохъу, - къыхигъэщащ Шэтым.

Дызэрыщыгъуазэщи, 2023 гъэм и гъатхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэщащ зэухылIэныгъэкIэ дзэм къулыкъу щезыхьэкIыну хуейхэр здекIуэлIапхъэ хэщIапIэ. Ар сыт хуэдэ зэманми мэлажьэ.

Дзэм а щIыкIэм тету зэгурыIуэныгъэ езыщIылIэхэм ехьэлIауэ къэралым пщэрылъ зыщищIыжахэм къахэхъуащ: дзэ Iуэху хэхар здекIуэкI щIыпIэм кIуэхэм, УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм 2024 гъэм шыщхьэуIум и 15-м щIэрыщIэу къыдигъэкIыжа унафэм ипкъ иткIэ, зэ тыгъуэу сом мин 400 ират (къекIуэкIа сом мини 195-м ипIэкIэ). КъинэмыщIауэ, апхуэдэхэм ящыщ дэтхэнэми Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм къыбгъэдэкIыу сом мелуанрэ ныкъуэрэ къаIэрохьэ. Иужьрейм ехьэлIа унафэр 2024 гъэм фокIадэм и 1-м къыщыщIэдзауэ ягъэзащIэ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм 2023 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, дзэ Iуэху хэхам уIэгъэ щыхъуахэмрэ хэкIуэдахэм я унагъуэхэм ящыщхэмрэ ди щIыналъэм курортрэ санаторэу итхэм зыщрагъэIэзэну хуитыныгъэ яIэщ. Къыхэдгъэщахэм я бынхэр, пщIэншэу икIи чэзу Iуэху къыхуамыгъэкIыу, зыщрагъэгъэпсэхун хьисэпкIэ ягъэкIуэфынущ республикэм и «Радуга» социально-реабилитацэ центрым, - къыпищащ и псалъэм Шэт Анатолэ.

АдэкIэ псалъэ иратащ УФ-м и Дзэ зэщIэузэдахэм къулыкъу щезыхьэкIа офицерхэм (запасым щыIэхэм) я зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуIу «Мегапир» IуэхущIапIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ и къудамэм и тхьэмадэ Атаев Жашарбек.

- Дзэ Iуэху хэхам уIэгъэ щыхъуахэм я узыншагъэр зэтегъэувэжыным, ар зыхуэдэм кIэлъыплъыным хуэгъэзауэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм 2024 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, дохутыр IэщIагъэм хуэIэижьхэр абы папщIэ федеральнэ бюджетым хухаха ахъшэкIэ зи гугъу тщIыхэм ящыщу сымаджэ хъуахэм йоIэзэ, хуэныкъуэхэм хущхъуэхэр и чэзум ират. Мыдрейуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЩIы кодексым тещIыхьауэ, 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м къыдагъэкIа унафэ № 21-РЗ-м ипкъ иткIэ, хабзэм тету, дзэ Iуэху хэхам уIэгъэ щыхъуахэмрэ хэкIуэдахэм я унагъуэхэм исхэмрэ ящыщу зи псэукIэр езыгъэфIэкIуэну, унэ-лъапсэхэр зыухуэну хуейхэм Налшык и Iэхэлъахэм щIы Iыхьэхэр щыхуагуэш. КъинэмыщIауэ, «Республикэм лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэм IэнатIэ егъэгъуэтынымрэ социальнэ и лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэнымкIэ и центрым» КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэмрэ и къалэ округхэмрэ щиIэ и къудамэхэм къабгъэдэкIыу зи гугъу тщIыхэм ящыщу лэжьапIэ увыну гупыж зыщIахэм а лъэныкъуэмкIи зыщIагъакъуэ, коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр зэрырагъэпшын пIалъэхэри хуагъэIэпхъуэ, зыщхьэщахыпи яхэту, - къыхигъэщащ Атаевым.

КIэлъыкIуэу зэIущIэм къыщыпсэлъащ «Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм ядэIэпыкъу волонтерхэм я зэгухьэныгъэм (къыщрахьэжьари къыщызэрагъэпэщари ди республикэрщ) и унафэщI Сурковэ Екатеринэ.

- Мы ди зэгухьэныгъэм хэтхэм я IуэхущIафэм дрогушхуэ, адрей щIыналъэхэм сыт и щIыскIи щапхъэ дахуэхъуащи, - жеIэ Сурковэм. – Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм сытым дежи зэпыщIэныгъэ яхудиIэщ. Ди щIыналъэм икIахэм, къытщамыбзыщIу, зыхуейзыхуэныкъуэхэр къыджаIэ, дазэрылъэIэсымкIи фIыщIэ къытхуащI. ЕрыскъыхэкIхэм къищынэмыщIа, дэ абыхэм яхудогъашэ здэщыIэм къащыхуэщхьэпэ щыгъын хуабэхэм я деж къыщыщIэдзауэ щIагъщIэлъ тыншхэм я деж щиухыжу. Апхуэдизу ди лэжьыгъэр зэтеухуа хъуащи, къэралым и адрей щIыналъэхэми, ищхьэкIэ зэрыщыжысIащи, дыдейм хуэдэ зэгухьэныгъэхэр къызэрыщызэрагъэпэщынум ехьэлIауэ къыдочэнджэщ.

ЗэIущIэм щIэсахэм кIэух псалъэкIэ захуигъэзащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Берд Хьэзрэталий.

- Дзэ Iуэху хэхар зэрекIуэкIым тIэкIуи десэж хуэдэу хъуами, ар, зэрыгурыIуэгъуэщи, и кIэм нэсу узэсэж мыхъунщ. Зауэр еух иджы, къэзыгъэзэжынухэр мамыр гъащIэм хэзэгъэжынымкIи дадэIэпыкъун хуейкъэ? Мис абы ехьэлIауи лэжьыгъэшхуэ къытпэщылъщ.

ЗэIущIэм хэтахэр зэдэарэзыщ дзэ Iуэху хэхам щыIэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрадэIэпыкъум кIэрагъэху зэрымыхъунумкIэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Мэлылымрэ бжэнылымрэ къащIэупщIэм хохъуэ

Къэралым ерыскъымкIэ и шынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщхэм яхохьэ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэр, псом хуэмыдэу мэлылрэ бжэнылу куэд къыщалэжь.

ПСАЛЪЭМ папщIэ, 2024 гъэм УФ-м псори зэхэту къыщалъэщам и процент 35,5-р КИФЩI-м къылъысащ. Дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ Кавказ Ищхъэрэм процент 11,5-кIэ щыхагъэхъуащ - ар тонн мин 22,1-рэ мэхъу, Къэбэрдей-Балъкъэрым – проценти 6,7-кIэ. Къэралым и адрей щIыналъэхэм щахузэфIэкIам нэхърэ а бжыгъэхэр куэдкIэ нэхъыбэщ.

Къыхэдгъэщынщи, 2025 гъэм и щIышылэм - накъыгъэм КИФЩI-м мэлылрэ бжэнылу къыщалэжьа тонн мин 22,1-м щыщу тонн мини 6,3-р Дагъыстэным къылъысащ е процент 28,4-р, Къэрэшей-Шэрджэсым – тонн мини 5,2-р (процент 23,4-рэ), Ставрополь крайм – тонн мини 4,7-р (процент 21,1-рэ).

КИФЩI-м и Iэщыхъуэхэм я хэлъхьэныгъэр зэхэдгъэщхьэхукIыу щытмэ, фермерхэм тонн мини 9-р яйщ икIи нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм процентти 5-кIэ хагъэхъуащ. Унагъуэхэм - тонн мини 8,4-р, мэкъумэш IуэхущIапIэхэм - тонн мини 4,7-р (абы и процент 65-р КъШР-м щыIэ «Дамате» компанием иIыгъщ).

2024 гъэм мэлылрэ бжэнылу къэралым къыщалэжьам и процент 90-р уней IуэхущIапIэхэмрэ (процент 61,8-рэ) фермер хозяйствэхэмрэ (процент 28,9-рэ) къалъысащ. Псом хуэмыдэу абыкIэ ефIакIуэхэр Кавказ Ищхъэрэмрэ Урысей Ипщэмрэщ – тIуми зэхэту процент 63,6-рэ къалэжьащ. ЩIыналъэхэр къэдгъэлъагъуэмэ, Дагъыстэныр мыдбеж щыпэрытщ, процент 75,1-рэ иIэу, етIуанэр Къалмыкъырщ – процент 42-рэ, ещанэр Астрахань областырщ – процент 33,2-рэ.

Мэлылрэ бжэнылу нэгъабэ экспортым ягъэкIуащ тонн мини 8,7-рэ. Ахэр нэхъыбэу ящэху Ираным, Китайм, Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм, Саудей Хьэрыпым, Катарым, Къэзахъстаным, Белоруссием.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Дунейм щыхъыбархэр

Гугъуу щытынущ

УФ-м и ХъумапIэ банкым и унафэщI Греф Герман къызэрилъытэмкIэ, къэкIуэну 2026 гъэр Урысейм и хьэрычэтыщIэ IуэхухэмкIи банкхэмкIи тыншу щытынукъым. Абы и гугъу щищIащ акционерхэм я илъэс зэхыхьэм.

«ЩытыкIэр куэдкIэ елъытауэ щытынущ геополитикэм, щIыналъэм къыщалэжь продукцэм иIэ хэхъуэм, Урысейм и Банк Нэхъыщхьэм адрей банкэм ярит ахъшэм нэхъ мащIэ дыдэу техьэ процентыр зыхуэдэм, - жиIащ абы. – Иджыпсту Iуэхухэр зэрекIуэкIым тепщIыхьмэ, нэрылъагъущ 2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм дызыIууэну гугъуехьхэр».

ХъумапIэ банкым и унафэщIым зэIущIэм хэтхэр къыхуриджащ иджыпсту я щытыкIэр зэрыхъукIэ ирагъэфIэкIуэну, къэкIуэнум инвесторхэм я гур зыщамыгъэун папщIэ. Апхуэдэуи къыхигъэщащ я IуэхущIапIэм, къапэщылъ гугъуехьхэм емылъытауэ, зыхуигъэувыжа къалэн псори зэригъэзэщIэнум зэрыхущIэкъунур.

КъагъэувыIэну къыхураджэ

РИА хъыбарегъащIэ агентствэм къызэритамкIэ, Париж щызэхэтащ Украинэм щекIуэкI зэныкъуэкъур, Киев IэщэкIэ къызэгъэпэщыныр къэгъэувыIэным теухуа пэкIу.

Ар къызэригъэпщащ «Хэкупсэхэр» партым и къызэгъэпэщакIуэ Филиппо Флориан. Абы хэта цIыху щэ бжыгъэхэр Пале-Рояль утыкум деж щызэхуэсри, дунейр зэрыхуабэ дыдэми емыплъу, къалэм и кум кIуэцIрыкIащ. Абыхэм къытрагъэзэжурэ жаIэрт: «Макрон, дэ зауэ дыхуейкъым!», «Макрон, дэ Украинэм щхьэкIэ ди гъащIэр ттыну дыхуейкъым!», «Танкхэмрэ зезыгъакIуэр зэрымыс жьыхулъатэхэмкIэ Украинэр къызэвмыгъэпэщ!» Апхуэдэуи абыхэм Франджыр къыхураджэрт НАТО-м къыхэкIыжыну икIи къагъэувырт къэралым и президентыр къулыкъум трагъэкIыну.

Бадзэуэгъуэм и 1, *гъубж*

♦**Кооперативхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Зауэ зэпэщIэтыныгъэм хэта ветеранхэм я махуэщ**

♦**1957 гъэм** Москва и Театр Иным щызэхэтащ Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щIыхькIэ къызэрагъэпэща, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэм ята иужьрей концертыр.

♦**1981 гъэм** КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ КIыщокъуэ Алим СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и секретару хахащ.

♦**1934 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Джатэгъэжь Владимир**.

♦**1980 гъэм** къалъхуащ Китайм и къалащхьэ Пекин къалэм 2008 гъэм щекIуэкIа Олимп джэгухэм алыджурым бэнэкIэ лIэужьыгъуэмкIэ чемпион щыхъуа **Хъущт Аслъэнбэч**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 22 – 23-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 2, *бэрэжьей*

♦**Спорт журналистым и дунейпсо махуэщ**

♦**Уфологым и дунейпсо махуэщ**

♦**1964 гъэм** «Къэббалъкъгаз» IуэхущIапIэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1913 гъэм** къалъхуащ шэрджэс усакIуэ Гъуэщокъуэ Хъусин.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Мылъкум и закъуэкъым зэпэлъытыпхъэр

Урысей Федерацэм Экономистым и махуэр гъэ къэс мэкъуауэгъуэм и 30-м щагъэлъапIэ. Гулъытэ хэха хуащI щыхъуар 1917 гъэм къыщегъэжьауэщ. И зэфIэгъэувэкIэр ирапх а илъэс дыдэм ди къэралым ФинансхэмкIэ цIыхубэ комиссариат къызэрыщызэрагъэпэщам.

«ЭКОНОМИКЭ» - мыр алыдж псалъэщ, къикIри «унагъуэр тэмэму зехьэн» жыхуиIэрщ. А фIэщыгъэр япэ дыдэу къыщагъэсэбэпар, зэрыхуагъэфащэмкIэ, ди эрэм ипэкIэ IV лIэщIыгъуэм икухэрщ. Лъэхъэнэ жыжьэхэм псэуахэм, тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, унагъуэр зехьэным, къедза лъапсэр зыхуей хуагъэзэным мыхьэнэшхуэ ирату щытащ.

Ауэрэ, цIыхухэм нэгъуэщI къалэнхэри зыхуагъэувыжу, ахэр зэгъэхъулIэным пыщIа Iэмалхэми лъыхъуэу щIадзэ. Апхуэдэу, XVI лIэщIыгъуэр здекIуэкIым, Европэм щыIэ къэралхэм къыщыунэхуащ экономикэм щыхуагъасэ еджапIэ зыбжанэхэр. Илъэсищэхэр блэкIри, мэкъумэш щIэным зыщиужьащ, хьэпшып гуэрхэр къыщIэгъэкIыным епха хьэрычэтыр нэхъри щызэтеуващ, псэуныгъэм пыщIа Iуэхухэр щефIэкIуащ.

Махуэр зыхуэгъэзар ахъшэр тэмэму зэгъэзэхуэн зэрыхуейм и закъуэкъым, атIэ зэманми, цIыхум и зэфIэкIми, хьэпшыпхэми, псори дызэлъытэжа щIыуэпсми, жыпIэнурамэ, абы хуэдэу зыщысхьыпхъэ псоми зэрахуэсакъыпхъэр къыхэгъэщынырщ.

Хабзэ зэрыхъуауэ, мы махуэр зэдагъэлъапIэ хьэпшыпрэ ерыскъыхэкIрэ къыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэхэм, ахъшэ хъумапIэхэм, уней, къэрал зэгухьэныгъэхэм къагъэсэбэп мылъкур зэкIэлъыгъэкIуэн-зэгъэзэхуэныр зи пщэ дэлъ лэжьакIуэхэм, экономикэм щыхуагъэхьэзыр еджапIэхэм щIэсхэмрэ а Iуэхум ахэр хуезыгъасэхэмрэ, къулыкъущIэхэм ящыщу къэралым зи гугъу тщIы и унэтIыныгъэм кIэлъыплъхэм, нэгъуэщIхэми.

Урысей Федерацэр мы зэманым зэрыува щытыкIэр къэтлъытэмэ, зэгъэзэхуэкIэмрэ гъэтIылъыгъэхэр зэращI щIыкIэмрэ къытедгъэзэжу зыщыдгъэгъуэзэныр, ар хабзэ тхуэхъуныр лейкъым.

Мы махуэм ирагъэкIуэкI зэIущIэхэм зи IэнатIэм нэхъ къыщыхэжаныкIахэр щагъэпажэ, щIыхь тхылъхэмрэ дипломхэмкIэ ягъэгуфIэ, IуэхущIапIэхэм семинархэр, мастер-классхэр, дерс щхьэхуэхэр къыщызэрагъэпэщ.

Къыхэгъэщыпхъэр аращи, экономистхэм пщIэ нэхъ зиIэу къалъытэр гъэ къэс ят хабзэ, урысейпсо жылагъуэ тыгъэу «Гъэм и экономист» зи фIэщыгъэмрэ абы дыщIыгъу дамыгъэмрэщ.

ХЬЭТЫКЪУЭ ЩауапцIэ.

Налшык къалэм дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щрагъэкIуэкIащ лэжьыгъэ къэзылъыхъуэ цIыхухэм папщIэ зэхыхьэ. Абыхэм я къызэгъэпэщакIуэр «Республикэм лэжьыгъэм, цIыхухэм IэнатIэ егъэгъуэтынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и центр» къэрал IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Ерыжокъуэ Тимурщ. Аращ ди упщIэхэмкIэ зызыхуэдгъэзари.

ЛэжьапIэ къэзылъыхъуэхэр хъуащ нэхъ жыджэр

- «ЖармыкIэ» зыфIэфща зэхыхьэр сыткIэ къахуэщхьэпэрэ цIыхухэм, Тимур?

- Мыпхуэдэ зэхуэсхэр илъэсым тIэу идогъэкIуэкI. Япэр щIыналъэ утыку зэрихьэ лъэбакъуэу, къыкIэлъыкIуэр федеральнэу. Иджыпсту къызэдгъэпэщар федеральнэ утыку зэрихьэ лъэбакъуэщ. Лэжьыгъэ къэзылъыхъуэ цIыхухэм папщIэ икъукIэ щхьэпэу къызолъытэ мыпхуэдэ зэхуэсхэр. Дэ къыдогъэблагъэ цIыхухэм IэнатIэ къезытыфыну IуэхущIапIэм щыщхэр. IэнатIэ къэзылъыхъуэхэмрэ лэжьакIуэ хуейхэмрэ зэIудогъащIэ. Ахэр зэхуэза нэужь, лэжьыгъэ къыхуагъэлъэгъуар ягу ирихьамэ, гупсэхуу зопсалъэри, я Iуэху зэрыхъунумкIэ зэгуроIуэ. Дэ ди къалэн нэхъыщхьэр ахэр зэпытщIэнырщ.

- IэнатIэ къэзылъыхъуэ цIыхухэр куэд хъурэ?

- Япэм нэхърэ мы гъэм нэхъыбэ хъуащ. Псалъэм папщIэ, гъэкIэ къытхуэкIуэм нэхърэ мы гъэм щIалэгъуалэр нэхъыбэщ. Мы Iуэхум хэт дэтхэнэри цIыхум сэбэп дызэрыхуэхъуным дыхущIокъу. Арауэ къыщIэкIынщ зы гъэм нэхърэ адрейм зыкъытхуэзыгъазэр нэхъыбэ щIэхъури. Сыкъапщтэмэ, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, цIыху зыкъысхуэзыгъазэхэм я Iуэху зэрыдэзгъэкIыным яужь ситщ. Апхуэдэхэм я псэм дыхьэ лэжьыгъэ къахуэдгъуэтмэ икъукIэ ди гуапэщ. Куэдрэ къохъу мыпхуэдэ зэхыхьэхэм иужькIэ, IэнатIэ зыгъуэтахэм иужькIэ фIыщIэ къыщытхуащI.

- Мыбы нэмыщI, цIыхухэр здекIуалIэ зэхыхьэпIэ нэгъуэщIи фиIэ?

- Мыпхуэдэ зэхуэсыпIэу иджыри тIу диIэщ. Япэр Къэбэрдей-Балъкъэр автомобиль колледжым и хэщIапIэм, адрейр Лениным и уэрамым тет 27-нэ унэм. Иужьрейм деж зыкъыщытхуэзыгъазэхэр нэхъыбэу школакIуэхэмрэ колледжым щIэсхэмрэщ. Абыхэм папщIэ «Iэнэ хъурейкIэ» зэджэ зэхуэс идогъэкIуэкIри, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм лэжьэну хуей ныбжьыщIэхэм зэрыхъукIэ дадоIэпыкъу.

- IуэхущIапIэхэм ящыщу лэжьакIуэ къэзылъыхъуэхэр куэд хъурэ?

- Ди зэIущIэм къедгъэблэгъащ лэжьакIуэ къэзылъыхъуэ IуэхущIапIэу 29-рэ. Абыхэм цIыху миным щIигъу къахуэщтэнущ. Мы зэхыхьэм цIыху минитIым нэблагъэ къекIуэлIащ. Ди гугъэщ IэнатIэ къэзылъыхъуэхэм я гум дыхьэ лэжьыгъэ мыбдеж къыщыхахыфыну.

- Мыпхуэдэ зэIущIэхэр Налшык къалэм нэмыщIауэ, ди районхэми щевгъэкIуэкIрэ?

- Мыбдеж зэрыщедгъэкIуэкIым хуэдабзэу ди щIыналъэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ мыпхуэдэ зэхыхьэхэр къыщызэдогъэпэщ. ЛэжьакIуэ къэзылъыхъуэхэмрэ IэнатIэ хуейхэмрэ зэрыхъукIэ зэпыдощIэ. Апхуэдэхэм къекIуалIэр мащIэкъым.

- ИкъукIэ ди гуапэщ, Тимур, мыпхуэдэ зэхыхьэхэр къэралыр фи дэIэпыкъуэгъуу къызэрызэвгъэпэщыр, цIыхухэм щIэгъэкъуэн фазэрыхуэхъур. Упсэу, ди упщIэхэм гугъэзагъэу жэуап къызэрептам папщIэ!

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

ЛъэпкЪ IущыгЪэ:

И теплъэм уемыплъу, игу илъыр зэгъащIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м я лэжьакIуэхэр «Кабардино-Балкарская правда» газетым и къыдэзыгъэкI редактор **Моттаевэ Светланэ Мустэфа и пхъум** хуогузавэ абы и дэлъху **Моттаев Болэт Мустэфа и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

«Адыгэ псалъэ» газетым щылажьэхэр, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэр журналист, тхакIуэ, «Адыгэ псалъэм» и корреспондент **Фырэ Анфисэ Хьэзрэталий и пхъум** хуогузавэ и адэ къуэш **Къаныкъуэ Хьэсэн Iэубэчыр и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Хэкум гуэзэвгъуэ къыщыхукъуэкIым

1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м, пщэддджыжьым сыхьэти 4-м нэмыцэ фашистхэр СССР-м къытеуэу къызэщIэхъеа Хэку зауэшхуэм цIыху мелуан бжыгъэхэр хэкIуэдащ. Лъэпкъыбзу зэхэс Совет Союзым щыпсэухэм мурадрэ гугъэу яIари, альандэрэ яухуари, «пщэдей пытщэжынщ» жаIэу зрагъэтIылъэкIа псори къызэпиудат абы.

КЪЭРАЛЫГЪУЭ 62-рэ (а зэманым щыIэххэр 74-рэт) зыхилъафа ЕтIуанэ дунейпсо зауэр махуэ 2189-кIэ екIуэкIащ. Зэхэуэ гуащIэхэр щекIуэкIыхэрт Европэми, Азиеми, Африкэми. Нэхъ шынагъуэжрати, а псоми ипэ къихуэу, Германием къэралыгъуэ зыбжанэ къизэури, къаруу къызэригъэпэщар СССР-м къриутIыпщауэ, ди хэкур ирилъэсыкIын мурад шынагъуэ иIэу къыпэщIэувауэ арат. Альандэрэ тхьэрэм имылъэгъуа зауэшхуэ зэхэзыбылар Германиерами, напIэзыпIэм Совет Союзым бийхэр къыхуэхъуат Румынияр, Италиер, Словакиер, Финляндиер, Венгрияр.

Дауи, зы тхыгъэкIэ къыпхуэщIэкъуэнукъым адыгэ лъэпкъым щыщу Хэку зауэшхуэм зи щхьэ хэзылъхьахэмрэ хэлъфIыхьахэмрэ я цIэхэр. Арами, нобэр къызэсым зи хъыбар яIуэтэж, ягъэщIагъуэ пэтми яфIэмащIэу, къытрагъэзэжхэр зи цIэ иралуэхэр ди къэщ.

...1942 гъэр екIуэкIырт. Бийр Кавказым къебгъэрыкIуэрт. Нэмыцэхэм Ростов, Кубань, Ставрополь щIыналъэхэр зыIэрагъэхьэу чэзур зейуэ къалъыта Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхуэкIуэрт.

Аргудан IэщIыхъуэхэм колхоз хъушэр Дзэлыкъуэ хъупIэхэм къыщрахухыным, нэмыцэхэм Бахъсэн къэухъуреихьыну хунэсат. Iэщыр мэзым щIауфыдэу мазищкIэ щаIыгъын хуей хъуащ. Аргудан къуажэм щыщу Жэмбичэ Темыржан, Шыпш Жансит, БатIу ТIалэ сымэ я фIыгъэкIэ колхозым и Iэщхэр хъума хъуащ икIи 37-нэ армэм и штабым ирахащ.

Фашистхэм зы къуажэм ижь иту адрейр зыIэщIалъхьэрт. ЩIыпIэ IуэхущIапIэхэм партизан гупхэр къыщызэрагъэпэщырт. Абы хэхьэрт аргуданэдэсхэр икIи Iэщэхэр яIыгъыу Хэкум и щхьэхуитыныгъэм щIэбэнырт. 1942 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м нэмыцэхэм Аргудан къуажэмрэ абы и Iэгъуэблагъэхэмрэ лагъымхэр къыхадзэурэ зэтракъутащ, цIыху куэд хэкIуэдащ. Зэтепкъутэ хъуну псори фашистхэм Iисраф зэтращIат, зэхадыгъуат.

Хэку зауэшхуэм жыджэру хэта аргуданэдэсхэм яхэтащ гвардием и подполковник, коммунист, Урысейм и къуажэ, къалэ куэд щхьэхуит къэщIыхьыным теухуауэ ипэ псэ емыблэжа Елокъуэ Хьандэжрий. Абы щытхъэт тохъуэ къыхуагъэфэща дамыгъэ лъапIэхэр - Бэракъ Плъыжь, Вагъуэ Плъыжь орденхэр, Хэку зауэшхуэ орденым и I, II нагъыщэхэр, медалхэр. Бэракъ Плъыжь орденыр къратащ и махуэм. Елокъуэр полкым и унафэщI хъуащ. Хэку зауэшхуэр иуха нэужь, 1945 гъэм и шыщхьэуIум, советыдзэм къыудэкIащ Японием щызэуэну. А зэпэщIэтыныгъэ гуащIэм хэтыну къыхуихуащ Хьандэжрий. Кореем и Саривон къалэм и комендатнту щытащ ар. Абы щыщIыIам ныбжьэгъу къыхуэхъуащ Кореем и Министрхэм я Кабинетым и УнафэщI Ким Ир Сен.

Хэку зауэшхуэм и тхыдэм зи цIэ къыхэщыжхэм яхэтщ Хьыбий Нэгъуей и къуэ Балиль. Ар 1918 гъэм дунейм къытехьащ. Къуажэ курыт еджапIэр къиуха иужькIэ, колхозым щылэжьэн щIидзат. 1938 - 1940 гъэхэм Дзэ Плъыжьым хэту къулыкъу ищIащ. 1941 гъэм армэм къикIыжа иужькIэ, колхозым и комсомолхэм я зэгухьэныгъэм и секретару хахащ. Куэд мыщIэу Хэку зауэшхуэр къэхъейри, бжьыхьэм Билал зауэм дашащ, занщIэу хагъэхьащ тIасхъэщIэххэм.

КъухьэпIэ фронтращ Хьыбийр зыIутар. Абы жэуаплыныгъэ ин пылъу игъэзащIэрт и унафэщIхэм пщэрылъ къыхуащI Iуэхухэр. Зи унафэщI гупым мызэ-мытIэу «бзэгухэр» къауфыдурэ ягъэпсальэрт, бийр зэрыт Iэхэлъахэр щIапщытIэхырт. Абыхэм къыщIаIукIа хъыбархэр куэдрэ дзэм къахуэхъэпащ.

1942 гъэм и гъатхэу, пщэрылъ къыхуащIа Iуэхур ягъэзэщIарэ «бзэгуи» къауфыдауэ къыщыкIуэжым, Балил лагъымым теувэри, къуэщ. ТIасхъэщIэх IэзэмМосква, Саратов, Ташкент дэт сымаджэщхэм куэд дыдэрэ къыщеIэзащ икIи и лъакъуитIри фIэкIуэдауэ унэм къагъэкIуэжащ.

Зауэм щызэрихьа лIыгъэм папщIэ абы къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэр, «Москва зэрихъумам папщIэ», «Заполярьер зэрихъумам папщIэ», «Германием зэрытекIуам папщIэ» медалхэр.

Зауэ IэнатIэм къыкIыжа иужькIэ Балилэ Iуэхуншэу щысакъым. Абы зэрыхуэзфIэкIкIэ защIигъакъуэу щIэнкуаэщ къуажэ колхозым. Зауэм, лэжьыгъэм я ветеран Хьыбий Балилэ 1984 гъэм дунейм ехыжащ.

Жанэ Мухьэмэд 1925 гъэм накъыгъэм и 2-м Шэрджэс автоном областым хыхьэ Эрсакон (Абатэхьэблэ) къуажэм къыщалъхуащ. Мыбдеж къыщыкъызэщIыпхъэщ Жанэхэ я унагъуэр зауэм куэдкIэ ипэ иту хьэзэбзэлъыхь зэрыхэхуар. Къэралым и политикэ Iуэху мыхъумыщIэм и зэранкIэ унагъуэр хэкум ирагъэкIащ 1933 гъэм. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, Жанэхэ Омск областым къыщыхутащ. Унагъуэр гъуэгуанэ хьэлъэм тетыху Мухьэмэд и шыпхъуищрэ и зы къуэшрэ дунейм ехыжат.

Политикэ залымыгъэм хиубыда нэгъуэщI унагъуэ куэдым хуэдэуи, Жанэхэ мэзыр увыIэпIэ яхуэхъури, Лаховское жылагъуэр зыухуахэм яхэтащ. Дауи, хамэ щIыпIэм къыщыхутахэр тыншакъым: ерыскъы мащIэ тIэкIурэ псыр фIэкIа ямыIэхуэу щIыхуэр куэдрэ псэуащ. КъинэмыщIауэ, хэкум ирахуахэр абджеими тыншу властым щигъэпсэуртэкъым. Апхуэдэу, 1937 гъэм цIыху 19 яубыдащ. Абыхэм яхэтащ Мухьэмэд и адэри, и къуэшри. Языбдахэм яхэщ зыбжанэ, троцкист зэгухьэныгъэм хэту хуагъэфащэри, яукIащ. Мухьэмэд и адэмрэ и къуэшымрэ ильэси 8-кIэ ягъэтIысащ. Унагъуэм я насып къихьэри, тIури абы къелащ икIи къахьэжащ.

1942 гъэм Мухьэмэд ФЗО еджапIэм щIэтIысхьауэ щытащ. ИужькIэ бронетранспортёрхэр, танкхэр, топышхэр щащI заводым щылэжьащ. 1943 гъэм ар дзэм къулыкъу щызыщIэну нэгъуэщI щIалэхэм ящIыгъуу Омск къалэм къыщыкIуэжащ. Абдеж щызэхуашэсырт 21-нэ полкыр. Плъэ кIэщIкIэ иращIэкIуэкIа зыгъэсэныгъэхэм яужькIэ, Мухьэмэд хэхуащ 15-нэ мотострелкову бригадэм. Абы щыщIэхъум ар ильэс 18 хъуа къудейт.

Жанэр япэу зауэм щыIухьащ Львов деж, Курск зауэшхуэми хэтащ. Ар Украинэм и жылагъуэхэр хуит къэзыщIыжахэм яхэтащ. 1944 гъэм Писаревкэ жылагъуэм щекIуэкIа зэхэуэ хьэлъэм уIэгъэ щыхъури, Киев къалэм дэт сымаджэщым щIэлъащ. Хъужа нэужь, къэхуащ 8-нэ гвардейскэ дивизэм и ехэнэ шуудзэ полкым икIа Польшэм пхыкIащ, Краков къалэр хуит къэзыщIыжахэм яхэтащ.

Мухьэмэд къигъэлъэгъуа лIыгъэм, зэфIэкIым къыпэкIуэу къратащ «Хахуагъэм папщIэ», «Германием зэрытекIуам папщIэ» медалхэр, Сталин Иосиф къыбгъэдэкI фIэщхъэ тхылъхэр, нэгъуэщIхэри.

Зауэ нэужьым Жанэм МВД-м къулыкъу щищIащ 1950 гъэм нэс. Абы иужькIэ щылэжьащ Черкесск къалэм, Хьэбэз районым щыIэ IуэхущIапIэхэм.

Зыгъэхьэзырар
ФЫРЭ Анфисэщ.

УсакIуэ, тхакIуэ, макъамэтх

УФ-м цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ и отличник, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Урысейм ис лъэпкъхэм я Артиадэм и лауреат, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, композитор-макъамэтх, сурэтыщI, зэчий зыбгъэдэлъ цIыхущ нобэ зи гугъу фхуэсщIыну сфIэигъуэр. Ар ХьэтIохъущыкъуей къуажэм дэс, тхылъ зыбжанэ къыдэзыгъэкIа Афэщ1агъуэ Зоещ.

АР 1950 гъэм Тырныауз къалэм къыщалъхуащ. Зеикъуэ къуажэм дэт курыт еджапIэ №1-р къиуха нэужь, а жылэм дэт Щэнхабзэмкiэ унэм и художественнэ унафэщIу 1968 гъэм ягъэуври, IэнатIэм зригъэужь зэпыту ильэс 35-кIэ абы пэрытащ. А къуажэм дэт курыт еджапIэхэми ильэс 15-кIэ щылэжьащ, сурэт щIынымкIэ, макъамэ зэхэгъэувэкIэмкIэ, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щригъаджэу.

1981 гъэм Налшык дэт педагогикэ училищэр, 1998 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым филологиемкIэ и факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр къиухащ.

Жылэпхъэщ, Афэщ1агъуэр зэрысурэтыщIым, зэрыусакIуэм къыдэкIуэу, композитор-макъамэтхыу зэрыщытри. Къэбэрдей-Балъкъэрым и усакIуэ цIэрыIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм макъамэ щIигъэувэурэ уэрэд дахэ куэд итхащ. Ахэр цIыхубэм я гум дыхьауэ, ди щIыналъэм гъуэдэжэмкIэ и IэнатIэм щылажьэ артист куэдым ягъэзащIэ. Зое и уэрэдхэр дискхэм тету альбомитI хуэу къыдигъэкIащ.

КъызыхэкIа адыгэ лъэпкъым и литературэм, щэнхабзэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа усакIуэм, 2011 гъэм къриубыдэу уэрэд 60 зэрыт, «Гум къиIукI макъамэхэр» зэфIэща тхылъыр дунейм къытригъэхьащ.

Адыгэ сабий литературэм и зыужьыныгъэми Афэщ1агъуэм хэлъхьэныгъэфI хуищIащ. Абы и усэхэр бэз дахэкIэ, шэрыуэкIэ тха хъуащ. Абыхэм къаIуатэ цIыкIухэм я псэукIэр, я хьэлщэнхэр. Зое ахэр къихуердыжу нэхъыжьхэм пщIэ хуащIыну, Хэкур фIыуэ ялъагъуну, щIыуэпсымрэ псэущхьэхэмрэ яхъумэну.

Сабийхэм папщIэ абы тхылъитI итхащ. Япэ тхылъыр, «Iэмалшы» жыхуиIэр, 2003 гъэм къыдэкIащ. КъыкIэлъыкIуэу, сабийхэр дэзыхьэхын хъыбар яхуитхащ, Афэщ1агъуэм цIыкIухэр гъэсэныгъэ мыхьэнэ зиIэ гупсысэм щрешалIэ и етIуанэ тхылъым - «Нанэ и нэщ, дадэ и псэщ» зыфIищам. Сабийхэм папщIэ усэхэр зэрыт тхылъитI къыдигъэкIыну егъэхьэзыр Зое.

- Зое и тхыгъэхэр удэзыхьэхщ, узыгъэгупсысащ. Усэхэр сабийхэм я зэхэщIыкIым зригъэужьу, и гур, и псэр дунеягъэм и къэхъукъащIэхэм хуэIэфI хъуным хуиунэтIу щытщ.

ГъащIэм кууэ ухэзыгъаплъэ Iуэтэжхэр, пэжагъ ин зыхэлъ псалъэ шэрыуэхэр, псынщIэрыпсалъэ гъэщIэгъуэнхэр, сабий рассказхэмрэ усэ гъэщIэрэщIа цIыкIухэмрэ зэрыт «ГъащIэм дрихьэщIэщ, щIыгум дрибынщ» зыфIища тхылъ купщIафIэр 2014 гъэм къыдигъэкIащ. КъищынэмыщIауэ, Афэщ1агъуэм и тхыгъэхэр «Iуащхьэмахуэ», «Нур», «Литературная Кабардино-Балкария» журналхэм, «Баксанский вестник» газетым къытохуэ.

Лэжьыгъэм хуэIэжьыр щIэныгъэми хозагъэ жаIэ. А псалъэхэр хуэкIуэпс Афэщ1агъуэ Зое и гъащIэм, и дунейм.

«ГъащIэр зыгъэдахэр цIыхурщ, цIыхур зыгъэдахэр и лэжьыгъэрщ».

Ди лэжьыгъэкIэ, ди хьэл-щэнкIэ нэхъыжьхэм щапхъэ тэхэм дгъэлъагъуэмэ, щIэблэр цIыхугъэрэ гъэсэныгъэ дахэкIэ къытпежьэнщи, пщэддыжьк дызэпсым къигъэнэху гъащIэм жану дэтэджыныщ, гъуэгу нэху теувэнщ, - жеIэ Зое.

Зи лъэпкъым хьэлэлу хуэлажьэ Афэщ1агъуэ Зое и усэ купщIафIэхэм яхэщыщ ди газетым и щIэджыкIакIуэхэм фи пащхьэ итлъхьэр.

Адыгэ къафэ

Ей, адыгэ къафэу ди гум щыдгъафIэ,
Зи фащэ екIур дыгъэм пэлыд.
Лъэпкъ хабзэр, лIыгъэр
къызыхэщ къафэр
Утыку ихьащи, лъапэр щодыд.
Уи зэфIэкI инхэм лъэпкъыр дэлъагъу,
Хъухъу, фIыщIэ куэдхэр
бэм пхудогъэш.
Пшынэбзэ дахэр псэм къыпэджэжу,
Къуршыбгъэ дамэу, къафэм зешэщI.
Псы хуэм ес къазу,
пщащэр къытехьэм,
Къогъагъэр щIылъэр, псыхэр мэлыд.
Тхьэрыкъуэ пщэхум
итхьэкъуа бзухэм
Уэрэд къэрашу, узгум щоджэгу.
И дыжьын къамэр лIыгъэ дамыгъэрэ
Хьэзыр IупэхуIэу щауэр дольэт.
ПыIэ хъурыфэм къыщIэплъ и нитIым
ЩIэлъ лъагъуныгъэр пщащэм ирет.
Адыгэ къафэр, фащэр, пшынэбзэр
Хъуащи зэгъусэ, щIыхьыр мэджэгу.
А лъагъуныгъэр, а ныбжьэгъугъэр
ФIым и нэщэнэщи иремыкIуэд.

Гущэ уэрэд

Гущэ, гущэ, гущэ щабэ
ЩабэрыкIуэу, бжьиз зымыкIу,
Сабий цIыкIухэм я жеипIэ,
IэужьмэуIэ уэ къомыкIу.
Гущэ щабэу гум пымыкI,
Сабий цIыкIухэр зрапIыкI,
КIэ зимыIэ уи уэрэдыр
Нанэ и жьэм жьэдэмыкI.
Гущэ уэрэдхэм щIэдэIу,
Сабий цIыкIухэм жейм гу хуащI,
Дзыгъуэ цIыкIухэр я пщIыхьэгъуу,
Жей куу IэфIкIэрэ загъэнщI.

АСЛЪЭН Каринэ.

● Банк Iуэхухэр

Инфляцэмрэ уасэхэмрэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщыIэ инфляцэр мы гъэм и накъыгъэм проценти 9,2-рэ хъуащ икIи псори къапщтэмэ, Кавказ Ищхъэрэми Урысей Федерацэми ар щынэхъ лъахъшэщ. Апхуэдэу щIэхъуам и щхьэусыгъуэ хэспшыпхэмрэ ерыскъымрэ я щIэупщIэм зэрыкIэрыхуамрэ сомым «зэрызигъэбыдамрэщ». Абы къыкIэлъыкIуэу, техникэм и уасэм кIэрыхуащ, псалъэм и хьэтыркIэ, телевизорхэмрэ компьютерхэмрэ.

ДЖЭДЫКIЭ уасэм хэщIурэ екIуэкIащ, ди щIыналъэм къыщрахыхым и куэдагъым зэрыхуэхуам и фIыгъэкIэ. Бэдрэжанымрэ нащэмрэ я уасэхэмкIэ Iуэхур апхуэдэщ. Мыбдежым ахэр нэхъ пуд щIэхъуар хуабэщхьэм къыщагъэкIа мыгъэрей хадэхэкIхэр куэду сату щIыпIэхэмрэ бэзэрхэмрэ зэрыщыIэрщ.

Апхуэдэу щыхъукIи, Iуэхутхьэбзэхэм я уасэм зымащIэкIэ щIыхэхъуащ ди деж. Ди щIыналъэм къакIуэ туристхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуам къыхэкIыу, театрым щащэ билетхэр нэхъ лъапIэ хъуащ, хамэ къэралхэм зыгъэпсэхукIуэ кIуэхэм я путевкэхэм я уасэхэми заIэтащ, ауэ нэгъабэ къекIуэкIа уасэхэм нэхърэ мы гъэм и накъыгъэм нэхъ пуду щытащ.

Урысей Банкым и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ Балаев Расул зэрыжиIамкIэ, техникэм и уасэм щIыкIэрыхуар, ахэр нэхъыбэу кредиткIэ ищэ зэрыхъуарщ иужьрей ильэсхэм. Абы нэмыщI, Банкым и ставкэ нэхъыщхьэм зримыгъэхъуэжу зэрыIыгъым щхьэкIэ, кредит къэзыщтэхэм я бжыгъэм кIэрохуу, абы къыхэкIыуи, техникэм щIэупщIэхэр нэхъ мащIэ мэхъу. Псалъэм къыдэкIуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым иужьрей мазищым гаджетхэмрэ бытовой техникэмрэ я уасэм щыкIэрыхуащ, ильэс пIалъэкIэ къэбгъэлъагъуэмэ, - процент 14-м щIигъукIэ.

Урысей Банкым кредитхэмрэ вкладхэмрэ я процент ставкэхэр иримыгъэхыу лъагэу иIыгъыну иджыри, инфляцэр нэхъ мащIэ ищIын икIи ар процентi 4-м нэсу етIанэгъэ иригъэхын хъуэкIэ.

ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.

● ЗэIузэпэщыныгъэ

Къалэдэсхэм къыхрагъэх

«ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ 2025 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м къыщыщIэдзауэ мэкъуауэгъуэм и 12 пщIондэ ди къэралым щекIуэкIащ УФ-м и щIыналъэхэм я щыпIэхэм ящыщу япэ ирагъэщу зэIузэпэщ ящIынухэр къыхэзыгъэщ 5-нэ урысейпсо интернет IэIэтыр. Абы хэтащ цIыху мелуан 16,6-м щIигъу. Интернет IэIэтыр дагъуэншэу егъэкIуэкIынымкIэ волонтёр мини 170-м лэжьыгъэшхуэ къарахьэлIащ икIи цIыху мелуани 9,5-м (IэIэтым хэтам я процент 60-м нэблагъэм) я Iуэху еплъыкIэхэр зрагъэщIащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ щыпсэухэри жыджэру хэтащ а Iуэхугъуэ щхьэпэм икIи цIыхухэр куэду щызэхуэс щIыпIэу 27-рэ зэIузэпэщ ирагъэщIыну къыщагъэлъэгъуат абы. Псалъэм къыдэкIуэу, Налшык къалэм ейуэ 7, Прохладнэ къалэм - 6, Майскэ, Тэрч къалэхэм - я щыщ, Шэджэм, Тырныауз, Бахъсэн, Нарткъалэ къалэхэм - я тIурытI.

Налшыкдэсхэм къагъэлъэгъуа щыпIэхэм ящыщу IэIэтым щытекIуар щIыбым дэт музей къызэлъынымкIэ пэхуэщIэрт. Ар щахуэнур «Столетие» паркыщIэм дежщ. Абы щхьэкIэ Iэ яIэтащ цIыху мин 11-м щIигъум. Бахъсэн къалэм щытекIуар Ленинрым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №55-м къыщыщIэдзауэ унэ №129-м нэсыху лъэс лъагъуэ щыпхыхьыным пэхуэщIэрщ. Мыбы щхьэкIэ Iэ яIэтащ цIыху мини 10-м нэблагъэм. Майскэ къалэм лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ вокзалым къедза щIыпIэм деж. Ар зэIузэпэщ ирагъэщIыным и телъхьэу къыщIэкIащ цIыху мини 2-м щIигъу.

Нарткъалэдэсхэм къагъэлъэгъуа щIыпIэхэм ящыщу IэIэтым щытекIуар щIыбым дэт музей къызэлъынымкIэ пэхуэщIэрт. Ар щахуэнур «Столетие» паркыщIэм... (see above)

Нарткъалэдэсхэм къагъэлъэгъуа щыпIэхэм ящыщу цIыху мини 3-м щIигъум я хъуэпсапIэр къалэ администрацэм и бжэIупэр 2026 гъэм зэIузэпэщ щIынымрэ ар зыхуей хуэгъэзэжынымрэщ. Тэрч къалэм и Линейнэ уэрамым тет «КъухьэпIэ» жыг хадэ щIыкIур зэIузэпэщ щIыным щхьэкIэ Iэ яIэтащ цIыху мини 4-м нэблагъэм. Прохладнэ къалэм и паркыр къагъэщIэрэщIэжыну лъэIуащ къалэдэс мини 4-м щIигъу. Тырныауз къалэм и Iуащхьэмахуэ уэрамым тет "Геолог" спорт комплексым къыщыщIэдзауэ ЩэнхабзэмкIэ унэм нэсыху лъэс лъагъуэр зыхуей щыхуагъэзэжыну. Абы щхьэкIэ Iэ яIэтащ цIыху мини 3-м щIигъум. Шэджэм къалэм спорт утыкущIэ щыухуэн жэрдэмыр дагъэщIащ цIыху мини 3,5-м нэблагъэм.

Къэдгъэлъэгъуэнщи, УФ-м и муниципалитет 1600-м я щыпIэ 6000-м щIигъу зэIузэпэщ ящIыну къыщыхальхьащ урысейпсо IэIэтым. Абы хэтащ зи ныбжьыр ильэс 14-м къыщыщIэдзахэмрэ нэхъыжьхэмрэ.

УФ-м и щIыналъэхэм цIыхухэр куэду щызэхуэс я щыпIэхэм ящыщу зэIузэпэщ ящIынур къыхэхыныымкIэ урысейпсо IэIэтыр ирагъэкIуэу 2021 гъэм икIи абы щыгъуэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIыну щIыпIэ зэхуэдэ мин 4-м нэблагъэ къыхалъхьауэ щытащ. IэIэтым хэтащ цIыху мелуани 9,7-рэ. 2022 гъэм а бжыгъэр цIыху мелуан 10,7-рэ хъуащ, 2023 гъэм - мелуан 14,2-рэ, 2024 гъэм - мелуан 17,2-рэ. Псори зэхэту IэIэтым къыщагъэлъэгъуа щIыпIэхэм ящыщу мини 7-м щIигъу зыхуей хуагъэзащ.

«ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм хыхьэ программэм ипкъ иткIэ цIыхухэр куэду щызэхуэс щIыпIэу мин 74-м щIигъу къэралым щрагъэфIэкIуащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Адыгэшыр къыщыхощ къэрал гъэлъэгъуэныгъэм

«Шу хасэм» и лIыкIуэхэр.

Пилтакян Саркис

«Иппосфера» шы гъэлъэгъуэныгъэр гъэ къэс Ленинград областым щокIуэкI. Мы гъэм абы ехьэнэрэ хэтащ Адыгэ Республикэм щылажьэ «Шу хасэм» и лIыкIуэхэр.

ГЪЭ къэси хуэдэу, щIыналъэ къэс хухах щIыпIэ щхьэхуэм къуэш республикэм икIахэм хуагъэхьэзырат адыгэ щэнхабзэр къозыгъэщIыху IэрыкIхэр. Абдеж дыдэм лъэпкъым къыдекIуэкI IэщIагъэхэми щыхуагъэсэрт. Къыджэбэ IэпIэсэхэм дыщыдиэрэ хэдыкIымрэ дакъикъэ бжыгъэм щэкIым къытрагъэхутэрт, ехъуэпсахэм мастэнэ ирырагъэуэу. Мы гъэм гъэлъэгъуэныгъэм япэу здашащ «Ашэмэз» уэрэджыIакIуэ гупыр, гъэ къэси «Абрэдж» къэфакIуэ ансамблыр я гъусэщ.

Сыт щыгъуи хуэдэу, шыхэмрэ шухэмрэ къахьэха гулъытэмрэ лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэм я нэхъыщхьэу пхужыIэну адыгэшым и пщIэмрэ хэхуауэ къекIуэлIэжащ зэкъуэш республикищми икIахэ гъэлъэгъуэныгъэм хэтахэр. Мыгъэрей «Иппосферэ»-м шырэ шууэ 8 яшащ: Адыгейм щыщу - плIы, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ икIауэ тIурытI.

Урысейм и лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэм къикIауэ гъэлъэгъуэныгъэм шы 200-м нэс кърашэлIат, шы лъэпкъ 20-м яащыху. ТеклуэныгъэмпапщIэ зэхьэзэхуэ нэхъыщхьэм хэтахэр шы лъэпкъ 13-м нэсырт: андалуз, ахалтекин, брабансон, буденнэ, владимир, дон, адыгэш, къэрэшей, мезен, совет хьэлэзешэр, тинкер, оранкенен, эстон клеппер хуэдэхэр. Адыгейм ираша Анзар шы къупщIэм етIуанэ увыпIэр къихьри, «Иппосферэ»-м и вице-чемпион хъуащ. Ансар къытекIуар Новгород Ищхъэрэ областым ираша совет хьэлъэзешэ лъэпкъым щыщ Терек и закъуэщ. ГъэщIэгъуэнрэщи, Ансар зей Пилтакян Саркис лъэпкъкIэ ермэлыщ, адыгэшхэм куэд щIауэ гу яхуищIауэ. Ансар япэу къищэхуа адыгэшу зэрыщытри къыхигъэщащ Саркис, и гъэфIэным щытепсэлъыхьыжым: «СызэрыцIыкIурэ сыщIэхъуэпсырт адыгэш сиIэну. Си ныбжьэгъум пщIэкIэ шым уигъэшэу IэхъущIапIэ иIэти, арат ар нэхъыбэу адыгэшыр щызгъэнэхуари сигу щыкIэрыпщIари. Ансар си япэ адыгэшщ, сиIэри а зырыщ. Хьэл зэтетщ, укъегъэпэж, ауэ икIи хакIуэщи, жыджэрщ, джэгуреищ, зэранщыщ. И ныбжьым хэхъуэху, нэхъ зэпIэзэрыт зэрыхъуми гу лъыботэ. Ар вице-чемпион зэрыхъуар ехъулIэныгъэшхуэу къызолъытэ икIи срогушхуэ. Адыгэшхэр Урысейм къыщыхьынымэ, дуней псом щыцIэрыIуэ хъуну псори дыщIохъуэпс». Ансар 2018 гъэм «Джанет» IуэхущIапIэм къыщалъхуащ, къызытехъукIар Латникрэ Альфрэзщ. ЕтIуанэ увыпIэр Кушпэ Щамил зытеса Алмаз къыхуагъэфэщащ, ещанэр - КIэдыкIуей Замир и Доспехым къихьащ.

Къэжэр Алий

«Шу Хасэм» и унафэщI Тхьэпщокъуэ Альберт къызэрыжиIамкIэ, республикэм и IэтащхьэЪ КъумпIыл Мурат и фIыгъэкIэ, «Иппосферэ»-м хэтыныр гъэ къэси тыншу къаэзэрехъулIэр. МылъкукIэ зэгухьэныгъэм закъыщIигъэкъуащ Шэумэн Хьэзрэт и цIэр зезыхьэ фондым. «Экспертхэр зэплъэр утыку къраша шыр и щIыхьэкIэ зыщыщ лъэпкъым зэрыхуэкIуэрщ, - жиIащ ТхьэпщIокъуэм. - И теплъэ, и къупщхьэ, и къару, и шыгъэ. Псалъэм папщIэ, адыгэш лъэпкъым бгъэдэлъын хуейпсори ирикъу-ирикъуэщ и лъэныкъуэкIэ. Программэм къэжэу нэгъуэщI къэкъыщызэрагъэпэщ зэхьэзэхуэм. Дэ сытым дежи адыгэ лъэпкъым, ди республикэм и щэнхабзэр къызэрыдгъэлъэгъуэным дыхущIокъу. «Абрэдж» къэфакIуэ ансамблыр ди гъусэ зэпытщ, ди IэпщIэлъапщIэхэм къыдэкIуалIэ цIыхухэр дыщыдэфу хуагъэсэ. Джэгу щыщIыкIэ, ди зыубгъупIэм цIыхухэр Iуву щызэхэту аптуэдэщ, зызыплъыхьыну къэкIуахэр къыдэпщIэкIауэ зэманыр идохьэкI. Дишхэр тIэу вице-чемпион хъуащ. ДяпэкIэ чемпион дыхъуны дыхущIохъущ».

Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэм я гугъу тщIымэ, ахэр Хьэжы Артуррэ (шым и цIэр Мансурщ, зейр Шэшэн Зэурщ), Къэжэр Алийрэщ (шым и цIэр Бароныщ, зейр щIалэ цIыкIум и адэ Къэжэр Асльэнщ). Ильэси 10 фIэкIа мыхъуа Къэжэр Алий балигъхэм къакIэрымыхуу гъэлъэгъуэныгъэм зэрыхэтамрэ шы тесыкIэу къигъэлъэгъуамрэ хъыбар щхьэхуэ къилэжьа къыщIэкIынщ.

«Шырэ лIырэ щIыжаIэр мыпхуэдэ зы махуэщ, - жиIащ Хьэжы Артур, гъэлъэгъуэныгъэм зэрыхэтамрэ ар къызэрыщыхьуамрэ щытепсэлъыхьыжым. - ЦIыхур балигъ зэрыхъум хуэдэ дыдэу, шыри мыпхуэдэ гупышхуэм хэпшэным, нэгъуэщI шыхэр илъагъуным хуэд иIыгъщ. Дызэрыщыгъуамэ нэхъ нэхъыфIу къыщIэкIащи, дыхуэрэзыщ. Сэ къызгуэрыIуарачищ, гъуэгукIэ, щыIэкIэкIэ, зыр адрейм утыку къеримынынымкIэ уэзрыцIыхуу, шым къыпыпхыну узыхуейр къыгурыбгъэIуа нэужь, езыри мэтыншч, уэри удотыншч». Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа шухэр гъуэгу техьэным-кIэ щIэгъэкъуэн хъуахэщ щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ министр Лу Аэзмэтрэ шыхъуэ Шэшэн Заурэрэ.

«Иппосферэ» гъэлъэгъуэныгъэм къэралым шы щызезыхуэ исхэр щызэроцIыху. Мыр спорт зэпеуэу зэрыщытым нэмыщI, щэнхабзэ утыкуи пхужыIэнущ, сыту жыпIэмэ, ягъэлъагъур шыхэм я закъуэкъым, атIэ абы къепщIэкIа щэнхабзэри, псэукIэри, дуней тетыкIэри хэIущIыIу ящI. Шыхэр утыкум ит зэпытщи, ахэр сабийхэми балигъхэми зрагъэлъагъу, зэпеуэ нэхъыщхьэхэм нэмыщI, шыхъуэхэм я зэIущIэхэр щокIуэкI, щIэуэ къагъэщхьэпэ IэмалхэмкIэ зохъуажэ.

ЧЭРИМ Мариаин.

● «Адыгэ псалъэм» и гъэсэнхэр

Тыркум щафIэтелъыджэщ

Иджыблагъэ Истамбыл щекIуэкIащ «Тырку модэм и тхьэмахуэ» зыфIаща Iуэхугъуэ иныр. Абы хэтащ а къэралым и дизайнер нэхъ цIэрыIуэхэмрэ брэнд нэхъ лъэрызехьэхэмрэ.

ХУАБЖЬУ дыщыгуфIыкIащ къэрал зэмылIэужьыгъуэ куэдым щыщ зыхэта а Iуэхум, фэилъхьэгъуэ нэхъ дахэхэр щагъэлъэгъуа зэхыхьэм, адыгэ фащэри утыку къызэрыщрахьам. Ди лъэпкъым ижьижьыж лъандэрэ къыдекIуэкI бзылъхугъэ фащэр Тыркум иджы япэу щигъэлъэгъуащ Мейкъуапэ щыщ дизайнер цIэрыIуэ Мыгу Рузаннэ.

Пшыхьым Рузаннэ утыку къыщрихьащ и Iэдакъэ къыщIэкIа фэилъхьэгъуэ 25-рэ, абыхэм яхэтщ фащэ жыпхъэм иту дахэри, иджырей теплъэ зрита лъэпкъ бостейхэри, бзылъхугъэ фащэм кIэралъхьэ хьэпшып цIыкIуфэкIухэмкIэ гъэщIэрэщIахэри. Тыркум щекIуэкIа гъэлъэгъуэныгъэм щхьэкIэ абы игъэхьэзыра фэилъхьэгъуэхэм «Зэманым и дыщэ Iуданэ» цIэр фIищащ.

УримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым дуней псом щыщ дизайнер цIэрыIуэхэр щызэхуэса пшыхьым адыгэ фащэ екIуэхэр зыщыгъ пщащэхэр адыгэ макъамэм щIэту утыку къызэрыщихьэм. А теплъэгъуэр нэхъри ягъэщIэрэщIэрт Рузаннэ и Iуэхур даIыгъыну къызэхуэса хэхэс адыгэхэм. Абыхэм адыгэ ныпхэр яIыгъыу пэшым щIэсащ.

Илъэсым къриубыдэу тIэу къызэрагъэпэщ а зэхыхьэм мызыгъуэгум хэтащ къэрал 14-м къикIа дизайнер 25-рэ, щыгъынхэр ягъэлъэгъуащ къэрал 55-м щыщ пщащэ 300-м.

- НэхъапэкIэ згъэхьэзыра фэилъхьэгъуэхэм ядэщIызгъужащ модэм и тхьэмахуэм щызгъэлъэгъуэн папщIэ здахэр. Абыхэм жэщ-махуэ имыIэу селэжьащ, ди лъэпкъ фащэр дунейпсо утыку исхьэнир си дежкIэ жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ Iуэхути, - жеIэ Рузаннэ.

Истамбыл щекIуэкI «Тырку модэм и тхьэмахуэм» ухэхуэну тыншкъым, абы уи IэдакъэщIэкIхэр щыбгъэлъэгъуэн папщIэ, дизайнерхэр щызэпеуэ Iыхьэ зыбжанэм упхыкIын хуейщ. АрщхьэкIэ къызэгъэпэщакIуэхэр адыгэ фащэм и теплъэм, дахагъэм, беягъэм дихьэхщ, Рузаннэ и IэпэIэсагъэр къалъытэри, Адыгейм зыкъыпащIащ.

Модельнэ агентствэм и унафэщI Тау Сусаннэ и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэща хъуащ мы Iуэхур: «Дэ ди фащэр псом нэхърэ нэхъ дахэу, нэхъ бейуэ къысщохъу сэ. Абы къыхэкIыу ар дуней псом къыщацIыхуну, ди пщащэ зэчиифIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр Iэщагъэл1 нэхъыфIхэм я пащхьэ ирахьэну сыхуейщ», - жеIэ абы.

Истамбыл щыIа «Модэм и тхьэмахуэм» и къызэгъэпэщакIуэхэм, продюссерхэм ящыщщ Къайхъан Эмра. Абы адыгэ лъэпкъым и хъыбар зэхиха къудейкъым, атIэ и къекIуэкIыкIам, и щыIэкIэпсэукIэм фIыуэ щыгъуазэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Эмра и лъабжьэр адыгэхэм я деж къыщожьэ. «Адыгэ фащэхэр щыслъэгъуам си гур хэхъуащ, си щхьэр лъагэу сигъэлъагъужащ, - жеIэ абы. – А махуэм фэилъхьэгъуэ дахэ куэд кърахьащ утыкум, ауэ лъэпкъ фащэр зыхуэбгъадэ хъун щыIэтэкъым».

Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр гушхуауэ зэбгрыкIыжащ. Мыгу Рузаннэ и IэдакъэщIэкIхэр зигу дыхьа цIыхубэм адыгэ фащэ зыщыгъ пщащэхэм я гъусэу сурэтхэр зытрагъэхащ.

Рузаннэ зэрыцIыкIурэ дехьэх дэным, хэдыкIыным. Иджыри сабийуэ гуащэ хьэпшыпхэр дын щIидзащ, зэман щиIэм деж мастэр зэи игъэтIылъыртэкъым. Балигъ къэхъури, дэзыхьэх Iуэхур IэщIагъэ хуэхъуащ. Абы езым къигупсыса коллекцэ иIэжщ, фащэхэм нэмыщI лъэпкъ тхыпхъэщIыпхъэхэр къызытещ бостейхэр ед. «Фащэм сыщелэжьым деж, хабзэм сызэрытемыкIыным, бзылъхугъэ фащэм и жыпхъэхэр къызэрызгъэсэбэпыным иужь ситщ, ауэ щIэ гуэри хыумыгъэхьэу хъуркъым, - жеIэ абы. - Зэманым декIу фэилъхьэгъуэ къэзгъэщIыным нэхъ сыдехьэх иджыпсту. Ар къохъулIэн папщIэ, адыгэ фащэм и тхыдэм ущыгъуазэу щытын хуейщ, апхуэдэуи щэкIым, дыкIэм, плъыфэм, пкъыгъуэхэм, тхыпхъэм куэд елъытащ. Апхуэдэ зы фэилъхьэгъуэ бгъэхьэзырыным зы мазэ, мазитI токIуадэ».

Мыгу Рузаннэ и «Гуащэней» коллекцэм уи нэгу къыщIегъэхьэ адыгэ бзылъхугъэм и уардагъыр, пагагъыр, зыIыгъыкIэр, Iэдэбагъыр. А псори фащэм къытещу, иджырей щэкIым къыхэбдыкIми, лъэпкъ тхыдэм къикIуа гъуэгуанэр уи нэгу къыщIигъэхьэу щытын хуейуэ къелъытэ пщащэ IэпэIэсэм. Фащэхэр зэридым нэмыщI, дыщэидэми хуэIэзэщ Рузаннэ. Дыщэ Iуданэм хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр къыхещIыкI.

КЪУЭДЗ Маринэ.

Лъэпкъ щэнхабзэр утыку къырахьэ

КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проетхэмкIэ и министерствэмрэ «Мэздэгу адыгэхэр» лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухьэныгъэмрэ илъэс къэс къызэрагъэпэщ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэ напэкIуэцIхэр» щIыналъэ фестивалыр мэкъуауэгъуэм и 26-м Ставрополь крайм и Курской щIыналъэм хыхьэ Русское къуажэм щекIуэкIащ. Абы къекIуэлIащ зи лъэпкъ щэнхабзэм, бзэм, тхыдэм пщIэ хуэзыщIхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым илъ хабзэмрэ нэмысымрэ зыгъэлъапIэхэр. ЖыпIэнуракъэ, мызыгъуэгум зэхыхьэр щIэмрэ жьымрэ я зэхуэзапIэ утыку дахэ хъуат, дэтхэнэми щIэ гуэр къыщищIэу.

ЗЭХЫХЬЭМ и пэщIэдзэм «Урысейр текIуэныгъэр зи Iэрылъхьэхэм я къэралщ» зыфIаща «стIол хъурейр» екIуэкIащ. Абы хэтащ щIэныгъэлIхэр, тхыдэджхэр, егъэджакIуэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэр. IэщIагъэлIхэр тепсэлъыхьащ щIалэгъуалэр хэкупсэ нэсу гъэса хъун папщIэ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я мыхьэнэр зыхуэдэм. ИкIи псом нэхъыщхьэу къыхагъэщащ иджырей лъэхъэнэм, лъэпкъхэм я беягъыр хъумэным къыдэкIуэу, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэгурыIуэныгъэмрэ зэхущытыкIэмрэ гъэбыдэн, егъэфIэкIуэн зэрыхуейр.

А махуэм къызэрагъэпэщат Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыIэкIэ-псэукIэр, бгъэдэлъ лъапIэныгъэхэр уи нэгу къыщIэзыгъэувэ гъэлъэгъуэныгъэ иныр. Псоми къахэщырт КъБР-м и Лъэпкъ музейм ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум триухуар. Абы тхыдэ напэкIуэцIхэм уахигъэплъэжым и закъуэтэкъым, атIэ ди адэжьхэм я щхьэхуитыныгъэм папщIэ зэрахьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ уигъэгушхуэрт. ЦIыхухэр хуабжьу дихьэхыу еплъащ Урысейм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэт, декоративно-прикладной гъуазджэмкIэ IэщIагъэлI цIэрыIуэ Мэзло Руслан и лэжьыгъэхэм икIи къыхагъэщащ абы и Iэдакъэ къыщIэкIа арджэнхэр хьэпшып къызэрыгуэкIыу зэрыщымытыр, атIэ лъэпкъым и псэр зыхэлъ, и тхыдэр къэзыIуатэ, адыгэмрэ щIыуэпсымрэ я зэпыщIэныгъэм щыхьэт техъуэ гъуазджэ хьэпшып телъыджэу зэрыщытыр.

Къызэхуэсахэм хуабжьу ягъэщIагъуэу еплъащ дыщэкI Брай Ратмир игъэхьэзыра сэхэм я гъэлъэгъуэныгъэм. Абы и IэдакъэщIэкI Iэщэхэм къарурэ лIыгъэрэ хыболъагъуэ, ауэ щыхъукIи, зэригъэщIэращIэ тхыпхъэщIыпхъэхэм лъэпкъ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я беягъыр дахэу къытощ. А махуэм я лэжьыгъэхэр утыку кърахьащ пхъащIэ Тубей Валерэрэ дыщэидэмкIэ IэпэIэсэ Тхьэгъэлэдж Агнессэрэ.

Гъэлъэгъуэныгъэм нэмыщI, адыгэ щэнхабзэм щIалэгъуалэр зэрыхашэ Iэмал дахэхэм ящыщ зыуэ Мэздэгу щIыналъэм къыщызэрагъэпэщат кхъуейплъыжькIэрыщIэ. Абы жыджэру хэтащ зи зэфIэкIыр нэрылъагъу зыщIыну зи мурад щIалэ Iэчлъэчхэр.

ПщыхьэщхьэхуэкIуэм къызэхуэса псори зэхуишэсащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ нэхъыфIхэр зыхэта концертым. Ар ирагъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артистхэу КIэхумахуэ ФатIимэрэ ХьэбытIэ Вячеславрэ. Утыкум къыщыфащ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр, Русское къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм и «Горянка» гупыр, Курской щIыналъэм щыIэ Сабий макъамэ школым и «Грация» къэфакIуэ гупыр. ЗэIущIэр я уэрэдхэмкIэ ягъэдэхащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист ЦокIыл Азэмэт, Адыгейм щIыхь зиIэ и артист ДыщэкI Артур, КъБР-м, Осетие Ищхъэрэ - Аланием щIыхь зиIэ я артист ХьэбытIэ Вячеслав, КъБР-м, Ингуш Республикэм щIыхь зиIэ я артист Теппев Алим сымэ, нэгъуэщIхэми.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэ напэкIуэцIхэр» щIыналъэ фестивалыр гуфIэгъуэ зэIущIэ къудейтэкъым, атIэ адыгэ лъэпкъ щэнхабзэм, тхыдэм, зэныбжьэгъугъэм я махуэшхуэ хъуат. Абы щынэрылъагъут лъэпкъым бгъэдэлъ беягъыр лIакъуэхэм зэрызэIэпахыр, блэкIамрэ къэкIуэнумрэ зэпыщIа зэрыхъур, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэр нэхъ быдэ хъунымкIэ зэрыщхьэпэр.

ЧЫЛАР Нэсрэн.

Амир и дыщэ медалыр

Европэм бэнэкIэ хуитымкIэ пашэныгъэр къыщцыхьыным хуэунэтIауэ Италием и Карле къалэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм кадетхэм я деж (зи ныбжьыр илъэс 15-м щIимыгъуахэм) дыщэ медаль къыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэ, Бахъсэненкэ къуажэм щыщ Даур Амир.

КИЛОГРАММ 48-рэ зи хьэлъагъэхэм я деж щыбанэ ныбжьыщIэр финалым щынэхъ лъэщащ ар зыIущIа, Азербайджаным и лIыкIуэ Асгаров Акбар нэхърэ. Мы ехъулIэныгъэшхуэм ипэ къихуэу Даурыр щытекIуащ УФ-м пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ мы гъэм накъыгъэм Красноярск къалэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм.

Зэхьэзэхуэм ещанэ щыхъуащ бахъсэндэс Бакъей Имран. Ар щыбанэр килограмм 41-рэ зи хьэлъагъэхэм я дежщ. Мы зэпеуэхэм хэта Щад Рэмэзан зэкIэ медалыншэу къэнащ.

Ди щIалэхэм я тренерхэр Бэрэгъун Рустамрэ ПщыукI Артуррэщ.

Къыхэдгъэщынщи, УФ-м и командэ къыхэхам псори зэхэту медаль 11 къыщихьат абыи, 2-р ди республикэм и бэнакIуэхэм къалэжьащ. Абы нэмыщI, ди къэралым и командэм зэхьэзэхуэм къыщихьа дыщэ медали 5-м щыщу 2-р адыгэхэм яйщ. Къэрэшей-Шэрджэсым и бэнакIуэ щIалэ Унэрокъуэ Iэмали, Даурым хуэдэу, абы япэ щыхъуащ. Килограмм 75-рэ зи хьэлъагъэхэм я деж финалым абы къыщытридзащ ермэлы бэнакIуэ Мкртчян Артур.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Футбол

ЗэIущIэ 11-рэ дакъикъэ 731-рэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Дружба» (Мейкъуапэ) - 0:1 (0:0). Налшык. «Спартак» республикэ стадион. Мэкъуауэгъуэм и 29-м. ЦIыхуи 180-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Магомедов (Мэхъэчкъалэ), Голов (Волгоград), Жабоев (Москва).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Мэшыкъуэ, Гъуэгузокъуэ, Жабоев, КIэдыкIуей, Блий, Дзыгул (Сабаншы, 74), ЛIуп (Шэрджэс, 35), Далиев, Лысенкэ, Хьэшыр А.

«Дружба»: Хьэшыр Т., Гаджимгомедов, Малкандуев (Кублэ, 68). Сергеев, Делэкъу (Рагулкин, 57), Абдулаев (Антоненкэ, 68), Антонец, Магомедбеков, Чанавэ, Джэрджы, Юшкэ

Топыр дигъэкIащ: Куэблэм, 73 (0:1).

Дагъуэ къыхуащIащ: Блийм, Далиевым, Къумыкъум, Куэблэм, Жабоевым.

ИКЪУКIЭ гугъущ утетхыхьыну илъэс плIыщIым щIигъуауэ и зы джэгугъуэ къэмынэу узыкIэлъыплъ, фIыуэ плъагъу командэм къекIуэкIыгъуэ псокIэ зы текIуэныгъэ къыхуэмыхьарэ зэIущIи 8 хъуауэ и хьэрхуэрэгъухэм я гъуэм зы топи димыгъэкIыфамэ. ЗэрызэкIэлъыкIуэу абы къызэщIеубыдэ зэIущIэ 11-рэ (зэрытемыкIуэфар) дакъикъэ 731-рэ (топ зэрыдамыгъэкIыфар). Апхуэдэущ иджыпсту и Iуэхур зэрыщытыр Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм икъукIэ хуэмыхуу зыкъыщызыгъэлъагъуэ «Спартак-Налшыкым». Абдежым къыщыувыIэнуи фэ теткъым. Иужь дыдэу ар щытекIуар мэлыжьыхьым (апрелым) и 13-м Адыгейм и «Дружба»-м Мейкъуапэ щыдригъэкIуэкIаращ. Накъыгъэм (майм) и 3-м щигъэтащ я хьэрхуэрэгъухэм я жагъуэ ящIын икIи Павловскэ жылэм щыIэу ЛIуп Ислъам «Кубань-Холдинг»-м 79-нэ дакъикъэм худигъэкIа зыри къызэримыкIыжа (1:4-уэ къыхагъэщIащ) топым и деж щыувыIащ апхуэдэ Iуэхури. НэхъапэIуэкIэ къызэрыхэдгъэщащи, мы бжыгъэхэм хэдгъэхьакъым етIуанэ къекIуэкIыгъуэм и пэщIэдзэм Мэхъэчкъалэ щыIэу щIыпIэ «Динамо-2»-м зэрытекIуари абы худагъэкIа топищри, а гупыр зэрылъэрымыхь дыдэм къыхэкIыу.

Зэкъуэш республикэхэм я футбол командэхэм я зэIущIэхэм къыпызыщат вэсэмахуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм «Спартак-Налшыкым» Мейкъуапэ и «Дружба»-р къызэрыригъэблэгъар. МахуиплI ипэкIэ Черкесск щыщыIам удынышхуэ щызыгъуэта налшыкдэсхэм я напэр абы щатхьэщIыжыну щыгугъыу стадионым къекIуэлIа мащIэми я гур зэщыуауэ зэбгрыкIыжащ. Адыгейм къикIахэм текIуэныгъэр яхьащ, 73-нэ дакъикъэм Куэблэм дигъэкIа топ закъуэм и фIыгъэкIэ.

Абы щыгъуэми гупым зэпеуэр щызэщIэплъэ зэпытщ. Зэхьэзэхуэм бжыпэр и закъуэу щиубыдащ Шакъ Ашэмэз зи тренер нэхъыщхьэ «Динамо Ставрополь»-м. Ди лъахэгъум и гъэсэнхэр Ялтэ щыIэу щыпIэ «Рубин»-м ефIэкIащ.

МахуиплI ипэкIэ 5:0-у къызэрыттекIуам и лъэр жан ищIащ Черкесск и «Нарт»-ми. Иджы Мэхъэчкъалэ щыIэу «Легион»-м жэуапыншэу топилI худигъэкIри абы очкоищыр зыIэригъэхьащ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым вэсэмахуэ щекIуэкIа зэIущIэ псоми къарикIуа бжыгъэхэм: **«Легион»** (Мэхъэчкъалэ) – **«Нарт»** (Черкесск) – **0:4**, **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **«Победа»** (Хасавюрт) – **0:1**, **«Астрахань»** (Астрахань) - **«Динамо-2»** (Мэхъэчкъалэ) – **4:1**, **«Рубин»** (Ялтэ) – **«Динамо Ставрополь»** (Ставрополь) **- 1:3**, **«Сочи-2»** (Сочэ) - **«Севастополь»** (Севастополь) - **1:3**, **«Кубань Холдинг»** (Павловскэ) - **«Ростов-2»** (Дон Iус Ростов) - **2:0**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» Кърымым щригъэкIуэкIынущ. Севастополь къалэм бадзэуэгъуэм и 5-м ар щыIущIэнущ абы и щIыпIэ командэм.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Динамо Ставрополь»	**17**	**10**	**4**	**3**	**28-18**	**34**
2. «Победа»	**17**	**10**	**2**	**5**	**24-17**	**32**
3. «Кубань Холдинг»	**17**	**8**	**7**	**2**	**30-16**	**31**
4. «Ростов-2»	**17**	**9**	**3**	**5**	**24-17**	**30**
5. «Севастополь»	**17**	**8**	**6**	**3**	**28-24**	**30**
6. «Астрахань»	**17**	**7**	**6**	**4**	**27-16**	**27**
7. «Рубин»	17	7	4	6	17-17	25
8. «Сочи-2»	17	7	4	6	23-19	25
9. «Легион»	17	6	5	6	18-22	23
10. «Нарт»	17	6	4	7	22-16	22
11. «Дружба»	17	6	4	7	25-20	22
12. «Ангушт»	17	3	4	10	11-23	13
13. «Спартак-Налшык»	**17**	**3**	**3**	**11**	**13-31**	**12**
14. «Динамо-2»	17	0	2	15	9-43	2

Зи IэщIагъэмкIэ Тхьэр зыхуэупса

«Гу щабагъэр IэщIагъэ псоми дэщIыгъун хуейкъым, ауэ ар Iэмал зимыIэщ дохутырым дежкIэ», - жиIэгъащ франджы тхакIуэ цIэрыIуэ Моруа Андре.

ЖЭУАПЛЫНЫГЪЭШХУЭ зыпылъщ дохутыр IэщIагъэр. Абы уехъулIэн папщIэ щIэныгъэшхуэрэ Iэзагъышхуэрэ убгъэдэлъын хуейщ - узэIэзэр цIыхум и узыншагъэрщ, цIыху гъащIэр уи Iэмыщӏэ щилъи щыIэу. Псом хуэмыдэу гугъущ педиатриер, къеузыр къыбжезымыIэф сабийм и лажьэр къэпхутэныр тыншкъым. А IэнатIэм зэфIэкI хьарзынэхэр къыщигъэлъагъуэу и IэщIагъэм пэрытщ Бесчокъуэ Дианэ. «И IэщIагъэмкIэ Тхьэр къыхуэупсащ. Зи къалэныр фIыуэ зыгъэзащIэ, зи лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI дохутырщ ар», - жаIэ а бзылъхугъэм зи сабий пэщIэхуа адэ-анэхэм.

Бесчокъуэ (Iэрэмысэ) Дианэ Анзор и пхъур Аргудан къуажэм къыщалъхуащ. Унагъуэ насып зыгъуэта бзылъхугъэр иджыпсту Хьэтуей къуажэм щопсэу, лъэпкъыщIэ, къуэпсыщIэ игъуэтауэ.

Пасэу дохутыр IэщIагъэм гу хуэзыщIа бзылъхугъэм Аргудан дэт курыт еджапIэ №1-р къиуха нэужь, 2013 гъэм Осетие Ищхъэрэ - Аланием и къэрал медицинэ академием щIэтIысхьащ. ЕхъулIэныгъэфIхэр иIэу 2019 гъэм къиухащ. Къыщыхьуа, щапIа щIыналъэм къигъэзэжри, участковэ педиатру 2019 гъэм и шыщхьэуIу мазэм лэжьэн щIидзащ.

- Си IэщIагъэм си гъащIэм увыпIэшхуэ щеубыд. Абы сропсэу, сробауэ, гукъыдэж, гупсэхугъуэ къызет, сыщымылажьэм деж зыгуэр схурымыкъуу къысщохъу. БэкIэ къыпщыгугъыу зи щхьэ къозыхьэлIа сымаджэм уи Iэзэгъуэр сэбэп зэрыхуэхъуар, абы кърит гукъыдэжыр и нэгум иплъагъуэмэ, уэри уигу зэрыхэхъуэм пэхъун дунейм теткъым, - жеIэ Дианэ.

ЛъагапIэщIэхэр зи гуращэ бзылъхугъэм адэкIи пищэну и мурадщ и Iэзагъыр нэхъри хэгъэхъуэным. Абы и мурадщ ординатурэр къиухыну.

Медицинэм махуэ къэс зэрызиужьым, IэщIагъэм щIэуэ къыхыхьэхэм зэпыу имыIэу зыщигъэгъуэзэныр, и Iэзагъым нэхъри хигъэхъуэнращ Дианэ къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжыр. Абы щхьэкIэ макIуэ IэщIагъэм щыхагъахъуэ курсхэм, симпозиумхэм, конференцхэм, семинархэм жыджэру хэтщ.

Сабий куэдым сэбэп яхуэхъуащ икIи яхуохъу Дианэ. Узыр ящхьэщихым и мызакъуэу, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэкIэ яхуэупсэжу апхуэдэщ сабийхэми балигъхэми. Псэ къабзэ зиIэ бзылъхугъэм и пщIэр зыхэт гупми щылъагэщ, и зэфIэкIыр, и лэжьыгъэр къалъытэу, къечэнджэщу зэдолажьэхэр.

- Дохутырым и псалъэ къудейри хущхъуэщ, - жыхуаIэр пэжщ. Гуапэу, щабэу щытыныр дохутырым хэлъын хуей хьэл-щэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ. IэщIагъэм сыпэрыувэри, абы сыкъызэрыхуигъэщIар зыхэсщIащ. Узыр зыщхьэщыпха сабийм и нэгум иплъагъуэ гупсэхугъуэм, гукъыдэжым уи гур хегъахъуэ. Лэжьэгъуэ махуэм и кIэухым, пщIахэр къэппщытэжрэ сэбэп уэзрыхъуар къыщыбгурыIуэжкIэ, нэхъ жан уохъу, уи гур къигуфIыкIыу уи Iуэхум, гъащIэм адэкIи пыбощэ, - жеIэ Бесчокъуэ Дианэ.

Бзылъхугъэ гуащIафIэм и хъуэпсапIэхэр, гугъэ защIэкIэ гъэнщIа и гурылъ нэхухэр къыдэзыIыгъыу иIэщ и унагъуэ дахэр, и сабий дыгъэхэр - Iэдэмрэ Данэрэ. ЛъагапIэщIэхэм ухуэзышэну гъуэгуанэм адэкIи къыпыпщэну, Дианэ!

МОЛЭ Миланэ.

КъБР-м ветеринариемкIэ и управленэм и хъыбарегъащIэ

«Къэрал къулыкъущIапIэхэмрэ щIыпIэ самоуправленэхэмрэ я лэжьыгъэр хэIущIыIуу щытын» УФ-м и къэрал унафэм ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринар IуэхухэмкIэ и управленэм цIыхубэр щыгъуазэ ещI социальнэ зэпыщIапIэхэм напэкIуэцI зэрыщаIэм.

ДяпэкIэ ветеринархэм я хъыбархэр «Вконтакте», «Одноклассники», «Телеграм» социальнэ зэпыщIапIэхэм къыщывгъуэтынущ.

КъулыкъущIапIэм и официальнэ напэкIуэцIхэм сурэтхэр, видео гъэщIэгъуэнхэр, управленэм нэхъ щIэщыгъуэу къыщыхъухэр кърагъэхъэ.

КъБР-м ветеринар IуэхухэмкIэ и управленэм и хъыбархэм и лъабжьэкIэ къакIуэ хэщIапIэхэм щыгъуазэ зыщывфщIыфынущ:

Вконтакте: https://vk.com/uprvet07?from=groups

Одноклассники: https://ok/ru/group/70-000004250792

Телеграм: https://t.me/uprvet07

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **НэщIэпыджэ Замирэ**, **Чэрим Мариannэ**, **ЩхьэщэмыщI Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; з корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.219
Заказыр №1387

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Маруся** *(1, 3-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ**, **Мэлбахъуэ Анжелэ**.

Сурэтхэм елэжьар **Къарей Элинэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.